


**Yon Etid Biblik
Sou Levanjil**

MATYE

Ti liv sa a pa fèt pou vann.



“Pito nou chache bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premye plas nan lavi nou, chache viv jan Bondye vle l la anvan. Lè sa a, Bondye va ban nou tout lòt bagay sa yo tou.” —Matye 6:33

ENTWODIKSYON AN

Ti etid sa a sou Matye, li te ekri pou **nenpòt moun** ki enterese nan yon prezantasyon senp Mèveye Listwa Levanjil la a. Pa gen yon pi gran Mesaj nou kapab bay lemonn!

Nou espere anpil moun k'ap travay nan Misyon patou nan lemonn va jwenn konkou ak ti liv sa a, pou yo kapab konprann Pawòl Bondye a pi byen, ou byen ti liv sa a ka ede yo chèche Jezikri kòm Sovè pèsonèl yo, pou sove yo anba peche si yo poko konvèti. Nou swete ke ti liv sa a tou va ede anpil moun k'ap etidye li pou yo gen yon lavi kretyen ki pi bèl, pi konsakre; pou chak jou yo k'ap fè Jezikri plezi, Li menm ki te vini pou ba nou Lavi Etènèl!

Nou te anplwaye Bib la pou nou te kapab prezante ti etid sa a sou listwa Levanjil la. Pa gen anyen ki pi pwisan pase Pawòl Bondye a. Ebre 4:12 — **“Pawòl Bondye a gen lavi, li gen pouvwa. Li pi file pase kouto de bò. Li koupe jouk li jwenn kote nanm ak lespri moun fè yonn, jouk kote vyann ak mwèl zo kontre. Li jije tout santiman ak tout lide ki nan kè moun.”** —Madame Rose A. Goodman, Th.B.

© 2006 by World Missionary Press, Inc.

LI PA FET POU VANN.

Published in numerous languages by World Missionary Press, Inc., as God supplies funds in answer to prayer. **For questions or more information by country, visit: www.wmp-contacts.org**

Biblical Text *Haitian Bible — Edition Corrigée* © Société Biblique Haitienne, 1998. Se ak pèmisyon nou itilize tèks sa a.

LISTWA 1. MEN JAN JEZIKRI, SOVÈ NOU, TE FÈT



Matye 1:18-25

¹⁸Men ki jan Jezikri te fèt. Mari, manman Jezi, te fyanse avèk Jozèf. Anvan menm yo te antre nan kay ansanm, Mari vin twouve l ansent pa pouvwa Sentespri. ¹⁹Jozèf, fyanse l la, te yon nonm dwat. Li pat vle fè eskandal ak sa. Li te vle kase fiansay la san bri san kont. ²⁰Li t'ap kalkile sou jan li ta pral fè sa lè li wè yon zanj Bondye parèt

devan li nan dòmi. Zanj lan di li: —Jozèf, pitit pitit David, ou pa bezwen pè pran Mari pou madanm ou. Paske, pitit l'ap pote a se travay Sentespri. ²¹Li pral fè yon pitit gason. W'a rele l Jezi. Se li menm ki pral delivre pèp li a anba peche l yo. ²²Tou sa pase konsa pou pawòl Bondye te mete nan bouch pwofèt la te ka rive vre. Men sa l te di: ²³Men li, jenn fi a pral ansent, li pral fè yon pitit gason. Y'a rele l Eman-nwèl. (Non sa a vle di: Bondye avèk nou.) ²⁴Lè Jozèf leve nan dòmi an, li fè tou sa zanj Bondye a te di l fè: li pran madanm li lakay li. ²⁵Men, Jozèf pat kouche ak Mari, jouk lè li te fin akouche yon ti gason. Jozèf te rele pitit la Jezi.

DEVWA POU FÈ

A. Apre chak kèsyon w'a jwenn yon espas kote pou ekri repons la. Si ou pa kapab reponn kèsyon an, li listwa la ankò. W'a jwenn tout repons yo andedan listwa a.

1. Ki jan yo te rele manman Jezi a? _____

2. Manman Jezi te vinn ansent pa pouvwa _____. Sa montre nou ke Bondye se Papa Jezi paske Sentespri a ak Bondye se yon sèl. Li l Jan 5:7, 8 **“Gen yo twa k'ap di Jezi se moun ki te vini an. Se Lespri Bondye a, se dlo a ansanm ak san an. Yo touletwa yo dakò.”**

3. Kilès Jozèf te wè nan yon rèv ki tè di li: “Ou pa bezwen pè pran Mari pou madanm ou. Paske, pitit l’ap pote a se travay Sentespri.”? Li te yon_____.

4. Jezi gen yon lòt non ki kòmanse avèk E. Ki lès non sa ye?_____

5. Ki sa non Emannwèl la vle di?_____ (twa mo)

B. Aprann vèse sa a: “**W’a rele I Jezi. Se li menm ki pral delivre pèp li a anba peche I yo.**” —Matye 1:21

POUKI SA JEZI KAPAB SOVE NOU ANBA PECHE NOU YO?



Papa Jezi se pat yon gason li te ye. Se Sentespri a ki te papa li. Se poutèt sa san pa I se san Bondye, epi se poutèt sa tou li te kapab mouri sou kwa a pou peche nou. Jezi te yon sakrifis pafè pou peche paske li pat gen peche. Jezi te pi e sen. Jezi te vini espesyalman sou latè a pou li te kab sove nou anba peche nou yo! Se poutèt sa nou kapab rele li Sovè nou. Li te vini pou sove nou.

~~~~~  
JEZI SE BONDYE —

LI VINI SOU FÒM YON NONM  
~~~~~

LISTWA 2. NÈG SAVE YO VIZITE JEZI



Matye 2:1-23

¹Jezi te fèt lavil Betleyèm nan peyi Jide, sou tan wa Ewòd. Apre li te fèt, kèk nèg save ki konn etidye zetwal yo sòti nan peyi solèy leve, yo rive lavil Jerizalèm. ²Yo t'ap mande: — Kote wa jwif ki fenk fèt la? Nou wè zetwal li parèt depi nan peyi nou an, nou vin adore li. ³Lè wa Ewòd pran nouvèl la, sa te boulvèse tèt li. Sa te boulvèse tout moun lavil Jerizalèm yo tou. ⁴Ewòd reyini tout chèf prèt yo ansanm ak direktè lalwa yo ki t'ap dirije pèp jwif la. Li mande yo: — Ki kote Kris la gen pou l fèt? ⁵Yo reponn li: — Se lavil Betleyèm nan peyi Jide li gen pou l fèt. Paske, men sa pwofèt la te ekri: ⁶Ou menm, Betleyèm,

ki bati sou tè Jida a, pawòl sèten: se pa ou ki pi piti nan tout lavil peyi Jida yo. Paske, gen yon chèf ki gen pou sòti lakay ou. Se li menm ki va kondi moun Izrayèl yo, pèp mwen an. ⁷Se konsa, Ewòd fè nèg save yo vin jwenn li an kachèt. Li mande yo kilè egzaktman zetwal la te parèt. ⁸Apre sa, li voye yo ale Betleyèm. Li di yo: — Ale non! Chache konnen tout bagay sou ti pitit la. Lè n'a jwenn li, fè m konnen pou m sa kapab al adore l, mwen menm tou. ⁹Apre wa a te fin di yo sa, nèg save yo pati. Lè sa a, zetwal yo te wè nan peyi solèy leve a parèt devan yo ankò. Li t'ap mache devan yo. Zetwal la kontinye konsa jouk li rive sou



tèt kay kote ti pitit la te ye a. Epi l rete. ¹⁰Lè yo te wè zetwal la, yo pat manke kontan. ¹¹Yo antre nan kay la, yo wè ti pitit la ansanm ak Mari, manman li. Yo mete ajenou devan l, yo adore l. Apre sa, yo louvri sak yo, yo ba li anpil kado: te gen lò, lansan ak lami. ¹²Apre sa, Bondye pale ak nèg save yo nan dòmi, li avèti yo pou yo pa tounen bò kote Ewòd ankò. Se konsa mesye yo fè yon lòt wout pou yo tounen al nan peyi yo. ¹³Lè nèg save yo fin ale, yon zanj Bondye parèt devan Jozèf nan dòmi. Zanj lan di l konsa: — Leve non, pran ti pitit la ansanm ak manman l. Sove ale nan peyi Lejip. W'a rete la jouk lè m'a di ou pou ou tounen. Paske, Ewòd pral chache touye ti pitit la. ¹⁴Jozèf leve nan mitan lannwit lan, li pran ti pitit la ansanm ak manman l. Li pati, l'ale nan peyi Lejip. ¹⁵Jozèf rete la jouk lè Ewòd mouri. Se

konsa, pawòl Bondye te mete nan bouch pwofèt la te rive vre. Li te di: Mwen rele pitit mwen, mwen fè l sòti kite peyi Lejip. ¹⁶Lè Ewòd wè nèg save yo te pase l nan jwèt, li fè yon gwo kòlè. Li bay lòd touye tout ti pitit gason ki te nan lavil Betleyèm ak nan tout vwazinay la, depi sa ki te fenk fèt jouk sa ki te gen dezan, dapre dat nèg save yo te ba li a. ¹⁷Se konsa, pawòl pwofèt Jeremi te di a rive vre: ¹⁸Yo tande yon rèl nan lavil Rama. Yo tande kriye ak gwo anmwe. Se Rachèl k'ap kriye pou pitit li yo. Li pa vle pèsonn ba li kouray, paske pitit li yo mouri. ¹⁹Apre Ewòd mouri, yon zanj Bondye parèt devan Jozèf nan dòmi, antan l nan peyi Lejip la. ²⁰Zanj lan di l: — Leve non, pran ti pitit la ansanm ak manman l, tounen nan peyi Izrayèl la. Paske, moun



yo ki te vle touye ti pitit la mouri. ²¹Lamenm Jozèf leve, li pran ti pitit la ansanm ak manman l, li tounen nan peyi Izrayèl la. ²²Men, lè Jozèf vin konnen se Akelayis ki t'ap gouvènen peyi Jide a nan plas Ewòd, papa l,

Jozèf te pè ale la. Bondye pale avè l ankò nan dòmi. Lè sa a, li pati, l'ale nan peyi Galile. ²³Li vin rete nan yon vil yo rele Nazarèt. Se konsa, pawòl pwofèt yo te di a rive vre: Y'a rele l moun Nazarèt.

DEVWA POU FÈ

A. Kèsyon sa yo, w'a reponn yo pa WI ou byen NON. Si repons la se wi, ekri WI nan espas ou wè apre kèsyon an. Si repons la se non, ekri NON nan menm espas apre kèsyon an.

1. Eske Jezi te fèt nan Betleyèm an Jide? _____

2. Eske nèg save yo te wè zetwal la nan peyi solèy leve-a? _____

3. Eske wa Ewòd te kontan lè li te tandè Jezi te fèt? _____

4. Eske nèg save yo te tounen di Ewòd ki kote Jezi te ye? _____

5. Eske zanj Bondye a te di Jozèf ale kache-l nan peyi Lejip? _____

6. Eske wa Ewòd te fè touye tout ti pitit gason nan zòn Betleyèm la, depi sa ki te fenk fèt jouk sa ki te gen de zan? _____


7. Eske Jezi te viv nan yon vil yo rele Nazarèt? _____

B. Mete mo ki manke nan fraz ki nan ti listwa sa a. "Yo antre nan kay la, yo wè ti pitit la ansanm ak _____, manman li. Yo mete ajenou devan l, yo adore _____. Apre sa, yo louvri sak yo, yo ba li anpil _____: te gen _____, lansan ak _____.

PREMYE OFRANN

Premye ofrann Jezi te resevwa, se nèg save yo ki te pote l ba Li. Yo te fè L kado lò, sa vle di ke Jezi se rwa. Lansan avèk lami se de bagay ki santi bon ke yo weten nan kèk pyebwa ki genyen nan peyi solèy leve a. Kanta bagay sa yo, menm jan avèk lò, yo gen anpil valè. Lami te pale sou limanite Jezi. Sa vle di ke Li te fèt avèk yon kò tankou tout lòm e ke li va antere, men lansan se yon prèv ke Jezi se Bondye. Nou menm nou pa kab bay Jezi bon kado sa yo, men pi gwo kado nou kapab bay Jezi, se kè nou, se tèt nou.

NÈG SAVE YO TE ADORE JEZI



Nou wè nan listwa 2, ke nèg save yo te adore Jezi. Yo pat adore Mari. Mari te manman Jezi sèlman lè li te sou latè a, men lè Jezi t'ap mouri sou kwa a, Li te remèt, nan men Jan, manman Li te genyen sou latè a. Nan chapit 19 Levanjil Sen Jan, vèsè 26 e 27

nou li: **“Jezi wè manman l ansanm ak disip li te renmen an toupre li. Li di manman l konsa: —Madanm, men pitit ou. Li di disip la: —Men manman ou. Depi lè sa a, disip la pran manman Jezi lakay li.”** Nou wè Jezi pat di “Manman”, men li te di “Madanm”. Nou dwe pran prekosyon nou e adore Jezi sèl kòm Sovè nou. Nou pa dwe adore okenn kalite zidol ni okenn lòm. Sonje nan listwa 1, nou li ke yon lòt non Jezi genyen se Emannwèl, sa ki vle di “Bondye ak nou”. Sa montre ke Jezi se Bondye tou. Konsa, sete yon

jou mèveye, lè Jezi te vin sou latè a kòm yon ti bebe e grandi nan mitan tout moun. Jezi se Bondye ki parèt sou fòm yon nonm. (Li Jan 1:1 e 14; Kolosyen 2:9; Matye 12:50.)

LISTWA 3. JAN BATIS BATIZE JEZI



Matye 3:1-6 e 13-17

¹Lè sa a, Jan Batis parèt nan dezè Jide a. Li t'ap mache bay mesay sa a. ²Li t'ap di: — Tounen vin jwenn Bondye. Paske, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a nan men l. ³Se sou Jan pwofèt Ezayi t'ap pale lè l te di: Se vwa yon nonm k'ap rele nan dezè a: Pare gran wout Senyè nou an. Plani chemen an byen plani pou li. ⁴Jan te gen yon rad fèt ak pwal chamo sou li, li

te mare ren l ak yon sentiwon an po. Li te manje krikèt ak gato myèl li te jwenn nan bwa. ⁵Moun sòti lavil Jerizalèm, nan tout peyi Jide a ak nan tout vwazinay larivyè Jouden an, yo tout te vin jwenn Jan. ⁶Yo te konfese peche yo devan tout moun. Apre sa, Jan te batize yo nan larivyè Jouden an. ¹³Lè sa a, Jezi sòti nan peyi Galile, li vin larivyè Jouden, bò kote Jan pou Jan batize li. ¹⁴Men, Jan pat dakò pou sa menm. Li di l: — Se ou ki pou ta batize m, epi se ou menm ki vin jwenn mwen pou m batize ou? ¹⁵Jezi reponn li: — Kite sa fèt konsa kounyeya. Se konsa pou nou fè tou sa Bondye mande. Jan pat kenbe tèt avè l ankò. ¹⁶Finis Jan fin batize l, Jezi sòti nan dlo a. Menm lè a, syèl la louvri, Jezi wè Lespri Bondye a desann sou fòm yon ti pijon vin sou li. ¹⁷Lè sa a, yon vwa sòti nan syèl la, li di: — Sa se pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m kontan anpil.

DEVWA POU FÈ

Mete mo ki manke yo. N'a jwenn tout mo yo nan Listwa 3.

1. Jan Batis t'ap bay mesaj sa a: "Tounen vin jwenn Bondye. Paske, _____ ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a nan men l'."

2. Kilès ki te vin mande Jan batize l'? _____

3. Apre Jezi te fin batize, Lespri Bondye desann sou fòm yon ti _____.

4. Yon vwa ki sòti nan syèl la te di: "Sa se _____ mwen renmen anpil la. Li fè kè m kontan anpil."

KI SA REPANTI VLE DI?

Repanti vle di nou santi nou tris paske nou te fè yon bagay nou pat dwe fè, ou byen paske nou pat fè yon bagay nou te dwe fè; e nou gen yon dezi nan kè nou pou nou fè pi byen pwochèn fwa a. Repanti vle di sispann fè mal epi fè byen. Mal se sa nou rele peche. An efè, tout bagay ki pa fè Bondye plezi se peche. Yon vrè repantans toujou mennen yon chanjman nan kè nou. Yon lè, yon ti fi te di: "Repanti vle di ke nou tèlman tris nou sispann fè

sa ki mal." Si nou priye Jezi, la ba nou fòs pou n sispann fè sa ki mal. Li kab chanje yon kè ki plen peche pou fè l vin yon kè ki pwòp. Li va wete peche nou yo e l'a mete Sentespri li nan kè nou. Èske ou te janm mande Jezi vini nan kè ou?

Ti fi sa a te priye Jezi. Li te konfese, sa vle di li te di Jezi





Men, si nou
rekonèt devan

Bondye nou fè
peche... l'a
padonnen tout
peche nou yo.

Jan 1:9a

konbyen tris li tris pou peche li. Li tris pou tout bagay mal li te konn fè. Jezi va tandè priyè l, e l'a padone li. Jezi va ede li fè bagay ki byen sèlman. La ba li yon kè ki pi, ki pwòp. Lè li priye Jezi chak jou, la vin fò pou li fè sèlman bagay ki fè Jezi plezi.

TEMWEN KE NOU PA TANDE FASIL

Bondye Papa a te la lè Jezi t'ap resevwa batèm la. (1) Bondye Papa a te pale nan syèl la, Li te di: "Sa se pitit mwen renmen anpil la.

Li fè kè m kontan anpil." (2) Bondye pitit la te la, Jan Batis t'ap batize li. Non Li sou latè se Jezi paske Li te vini pou sove nou anba peche. (3) Bondye Sentespri a, ki te desann sòti nan syèl la tankou yon ti pijon, te poze sou Jezi.

Ala mèveye lamou Bondye a mèveye pou nou, pou Li kapab moutre nou kilès li ye nan twa manyè.

LISTWA 4. GRANDYAB LA SONDE JEZI

Matye 4:1-11

¹Aprè sa, Lespri Bondye pouse Jezi ale nan dezè a pou Satan te ka tante l. ²Jezi pase karant jou ak karant nwit san manje. Aprè

sa, li vin grangou. ³Lè sa a, Satan pwoche bò kote l pou sonde l. Li di l konsa: —Si ou se Pitit Bondye, bay wòch sa yo lòd pou yo tounen pen. ⁴Jezi reponn li: —Men sa ki ekri: Moun pa



kapab viv ak manje ase. Yo bezwen tout pawòl ki sòti nan bouch Bondye tou. ⁵Après sa, grandyab la mennen l lavil Jerizalèm. Li mete l kanpe sou pwent fetay tanp lan. ⁶Li di Jezi konsa: —Si ou se Pitit Bondye, lage kò ou anba. Paske, men sa ki ekri: Bondye va bay zanj li yo lòd pou yo veye

sou ou. Y'a pote ou nan men yo, pou ou pa kase zòtèy pye ou sou okenn wòch. ⁷Jezi reponn li: —Men sa ki ekri tou: Ou pa dwe seye sonde Mèt la, Bondye ou. ⁸Satan mennen Jezi ankò sou yon mòn ki byen wo. Li moutre l tout peyi ki sou latè ansanm ak tout richès yo. ⁹Li di l konsa: —M'ap ba ou tout bagay sa yo, si ou mete ou ajenou devan m pou ou adore m. ¹⁰Jezi reponn li: —Wete kò ou sou mwen, Satan. Paske, men sa ki ekri: Se Mèt la, Bondye ou, pou ou adore, se li menm sèl pou ou sèvi. ¹¹Fwa sa a, grandyab la kite l. Latou, kèk zanj Bondye pwòch bò kote Jezi, yo sèvi l.

DEVWA POU FÈ

A. Reponn kèsyon sa yo avèk repons nou jwenn nan Listwa 4.

1. Jene vle di rete san manje. Konbyen jou avèk nwit Jezi te pase ap jene ou byen rete san manje? _____
2. Kilès ki te vin tante Jezi nan dezè a? _____
3. Dyab la te vle Jezi fè wòch tounen _____.
4. Dyab la te vle Jezi rete sou pwent fetay _____ la e lage kò l anba.
5. Dyab la te vle Jezi mete l ajenou pou l adore _____.

B. Aprann vèsè sa a: **“Jezi reponn li: —Wete kò ou sou mwen, Satan. Paske, men sa ki ekri: Se Mèt la, Bondye ou, pou ou adore, se li menm sèl pou ou sèvi.”**
—Matye 4:10

JEZI PAT OBEYI SATAN

Dyab la t'ap seye fè Jezi obeyi li. Jezi te konnen vwa Satan. (Satan se yon lòt non pou dyab la ke nou jwenn nan Listwa 4.) Dyab la t'ap seye fè Jezi anplwaye pouvwa Li yon move jan. Sa rele tantasyon. Li t'ap seye wè si li ta fè Jezi fè yon move bagay. Men Jezi pat obeyi Satan. Konsa Jezi te gen laviktwa sou dyab la paske li pat obeyi li. Li te tante Jezi twa fwa, men Jezi pat pran nan yonn nan tantasyon sa yo. Panse non, Satan te menm vle Jezi mete l ajenou pou adore li. Nou pa dwe janmen adore Satan. Jezi te kapab vin rich avek bagay ki sou latè yo, si li ta koute Satan epi sèvi li. Konsa tou, nou dwe pran prekasyon nou. Nou pa dwe fè sa ki pa bon pou nou ka jwenn richès, tankou mèt dam, vòlò ou byen renyen Jezikris, Senyè nou. Nou dwe toujou mete Jezi devan nan lavi nou e fè volonte L, menm si nou dwe pòv. Jezi te vin pòv pou ou menm avèk mwen ta kapab genyen lavi etènèl pou yon jou nou kapab ale viv avèk Li pou tout tan (2 Korent 8, 9).

Nou pa ta dwe janmen anplwaye fòs nou nan yon move bagay. Nou dwe toujou obsève tout lwa natirèl yo e pran swen kò nou. Jezi moutre nou sa paske li pa te vle monte sou tèt tanp la e lage kò li anba. Nou pa dwe janmen fè tèt nou mal nan okenn fason.

YON SEKRÈ JEZI TE ANPLWAYE

Chak fwa Satan te tante Jezi pou li fè sa ki mal, Jezi te anplwaye Pawòl Bondye a. Se sa ou menm avèk mwen dwe fè. Bondye te ban nou Bib la pou nou li. Bib la se Pawòl Bondye.

Lè nou li Bib la, sa fè nou fò; nou ta dwe aprann anpil vèsè nan Bib la pou ede nou ganyen lavikwa sou dyab la. Lè nou tante, se poko peche sa. Si nou obeyi tantasyon an, lè sa a se peche. Bib la di nou nan Ebre 4:15: “...nou gen yon granprèt ki te pase anba tout kalite tantasyon menm jan ak nou. Men, li pat janm fè okenn peche.” Jezi pa te janmen obeyi okenn tantasyon dyab la te mete devan L.

SONJE SA

Tout vwa k’ap vin seye fè ou fè bagay ki mal, se vwa Satan. Se pa vwa Bondye. Menm moman an, se pou lapriyè, mande Jezi pou l fè ou fò, pou pa obeyi vwa Satan. Lè Satan wè li pa kapab fè ou fè sa ki mal, l’ap kite ou menm jan li te pati kite Jezi.

LISTWA 5. JEZI CHWAZI ÈD LI YO



Matye 4:17-22

¹⁷Depi lè sa a, Jezi konmanse ap mache bay mesay li a. Li t’ap di: —Tounen vin jwenn Bondye. Paske, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pou-vwa a nan men li. ¹⁸Antan Jezi t’ap mache bò lanmè Galile a,

li wè de frè: Simon, yo rele Pyè a, ak Andre, frè li. Yo t’ap voye privye nan lanmè a, paske se pechè pwason yo te ye. ¹⁹Jezi di yo konsa: —Vin jwenn mwen, m’a fè nou tounen pechè moun pito. ²⁰Lamenm, yo kite privye yo, y’ale avèk li. ²¹Jezi vanse pi lwen, li wè de lòt frè, Jak avèk Jan, pitit Zebede yo. Yo te chita nan kannòt yo ansanm ak papa yo, yo t’ap repare privye yo. Jezi rele yo. ²²Lamenm, yo kite kannòt la ansanm ak papa yo, y’ale avèk li.

DEVWA POU FÈ

A. Reponn kèsyon sa yo. W’a jwenn repons yo nan Listwa 5.

1. Ki jan yo te rele frè Simon Pyè a? _____
2. Ki sa de (2) frè yo t'ap voye nan lanmè ya? Yon _____.
3. Jak, pitit Zebede a, te gen yon frè tou. Ki jan yo te rele frè li? _____

B. Aprann vèse sa a. Se sa Jezi te di frè sa yo: “Vin jwenn mwen, m’a fè nou tounen pechè moun pito.”

YON GRAN APÈL POU SWIV JEZI

Pechè sa yo dwe te kontan anpil lè yo te tande Jezi rele yo pou yo swiv Li. Yo te obeyi touswit e ak kè kontan. Olye yo kenbe pwason nan filè yo, koulyeya yo pral kenbe moun pou Jezi. Jezi bezwen anpil moun pou swiv Li. An efè, Li bezwen nou tou pou swiv Li. Eske w’ap swiv Jezi? Si ou pa ap swiv Li, pouki sa ou p’ap swiv Li koulyeya? Eske ou pa te janm panse sou sa? Pi gran apèl nou ka resevwa nan lavi nou, se apèl pou nou vin jwenn Jezi e swiv Li. Lè nou swiv Li, sa vle di n’a gen Lavi ki p’ap janm fini an. Nan Jan chapit 14, vèse 6, Jezi reponn Toma, li di: “—**Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pèsonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen.**”

LISTWA 6. KI SA JEZI TE ANSEYE?

Matye 5:1-12



¹Lè Jezi wè foul moun yo, li moute sou yon mòn. Li chita. Disip li yo pwoche bò kote l. ²Li tanmen moutre moun yo anpil bagay. Li di yo: ³Benediksyon pou moun ki konnen se pòv yo ye devan Bondye, paske peyi Wa ki nan syèl la, se pou yo li ye. ⁴Benediksyon pou moun ki nan lapenn, paske Bondye va ba yo

kouray. ⁵Benediksyon pou moun ki dou, paske y'a resevwa byen Bondye te sere pou yo a sou latè. ⁶Benediksyon pou moun ki anvi viv jan Bondye vle l la, paske Bondye va ba yo sa yo vle a. ⁷Benediksyon pou moun ki gen kè sansib, paske Bondye va fè yo wè jan li gen kè sansib tou. ⁸Benediksyon pou moun ki pa gen move lide nan tèt yo, paske y'a wè Bondye. ⁹Benediksyon pou moun k'ap travay pou lèzòm viv byen yonn ak lòt, paske Bondye

va rele yo pitit li. ¹⁰Benediksyon pou moun ki anba pèsekisyon lè y'ap fè sa Bondye mande, paske peyi Wa ki nan syèl la, se pou yo li ye. ¹¹—Benediksyon pou nou lè moun va joure nou, lè y'a pèsekite nou, lè y'a fè tout kalite manti sou nou paske se moun pa m nou ye. ¹²Fè kè nou kontan. Wi, nou mèt kontan nèt, paske yon gwo rekonpans ap tann nou nan syèl la. Se konsa yo te pèsekite pwofèt ki te vini anvan nou yo.

BENEDIKSYON POU MOUN KI GEN KÈ SANSIB

Yon jou, yon nonm t'ap vwayaje nan yon peyi ki danjere. Li te rankontre yon chen ki te blese nan pye l. Nonm sa a te pran tan pou l gade pye chen an e li te jwenn yon pikan ladan l. Avèk anpil swen li te wete pikan an, li te lave pye chen an e li te bande l avèk mouchwa li. Konsa chen an te ale fè wout li.

Aprè sa, kèk endyen te pran mesye sa a. Yo te fè l prizonye e yo te kondane li a mò. Men vwala ke chen gran chèf endyen an kouri sou mesye konmanse niche men li, moutre l afeksyon avek lamou. Chèf endyen an vin aprann ke nonm sa a te sove chen li a. Li te tèlman gen l rekonnesans paske li te pran swen chen li a, li te fè mesye a gras epi l lage li.

“Benediksyon pou moun ki gen kè sansib, paske Bondye va fè yo wè jan li gen kè sansib tou.”

MOUN KI GENYEN BENEDIKSYON YO

Nan Listwa 6 la, genyen nèf kalite moun ki gen benediksyon. Byen ke Bondye te bay dis kòmandman, Jezi te bay sèlman nèf kalite moun ki gen benediksyon. Sèlman nan Revelasyon chapit 22, vèsè 14, nou jwenn yon lòt kalite moun ki gen benediksyon—

“Benediksiyon pou moun ki lave rad yo, pou yo sa gendwa manje fwi pyebwa ki bay lavi a, pou yo ka pase antre nan pòtay lavil la.”

LISTWA 7. JEZI MOUTRE NOU KI JAN POU NOU LAPRIYÈ



Matye 6:5-15

⁵—Lè n’ap lapriyè, pa fè tankou ipokrit yo ki renmen kanpe nan mitan sinagòg ak nan pwent kalfou pou yo lapriyè. Yo fè sa pou moun kapab wè yo. Sa m’ap di nou la a, se vre wi: Konsa, yo tou jwenn rekonpans yo. ⁶Men ou menm, lè w’ap lapriyè, antre nan chanm ou. Fèmen pòt ou. Lapriyè Papa ou ki la pou kont li avè ou. Konsa, Papa ou menm ki wè sa ou fè an sekre a, se li ki va ba ou rekonpans ou. ⁷—Lè w’ap lapriyè, pa plede repete yon bann pawòl pou gremesi. Se konsa moun lòt nasyon yo fè. Yo

mete nan tèt yo Bondye va tande yo si yo pale anpil. ⁸Piga nou fè tankou moun sa yo. Paske, Papa nou tou konnen sa nou bezwen anvan menm nou mande li. ⁹Men ki jan pou nou lapriyè: Papa nou ki nan syèl la, Nou mande pou yo toujou respekte non ou. ¹⁰Vin tabli gouvènman ou, pou yo fè volonte ou sou latè, tankou yo fè l nan syèl la. ¹¹Manje nou bezwen an, ban nou l jòdi a. ¹²Padonnen tou sa nou fè ki mal, menm jan nou padonnen moun ki fè nou mal. ¹³Pa kite nou nan pozisyon pou n tonbe nan tantasyon, men, delivre nou anba Satan. [Paske, se pou ou tout otorite, tout pouvwa ak tout lwanj, depi tout tan ak pou tout tan. Amèn.] ¹⁴—Si nou padonnen moun lè yo fè nou mal, Papa nou ki nan syèl la va padonnen nou tou. ¹⁵Men, si nou pa padonnen moun lè yo fè nou mal, Papa nou p’ap padonnen peche nou yo nonplis.

DEVWA POU FÈ

A. Ou va jwenn la a lapriyè ke Jezu te moutre nou an. Gen kèk mo ki manke. Gade Listwa 7 la ankò epi mete mo ki manke yo.

Papa nou ki nan _____ la, nou mande pou yo toujou respekte non ou. Vin tabli gouvènman ou, pou yo fè volonte ou sou _____, tankou yo fè l nan _____. _____ nou bezwen an, ban nou l jòdi a. Padonnen tou sa nou fè ki mal, menm jan nou padonnen _____. Pa kite nou nan pozisyon pou n tonbe nan tantasyon, men, delivre nou anba _____. [Paske, se pou ou tout otorite, tout _____ ak tout _____, depi tout tan ak pou tout tan. Amèn.]

B. Aprann lapriyè sa a, se yon modèl e yon gid pou tout vrè lapriyè. Nan lapriyè sa a, nou aprann anpil bagay.

1. Papa nou ap viv nan **syèl la** e li se papa **pa nou**. Li te fè nou e Li renmen nou.

2. Nou pa fèt pou nou site non Li lejèman. Nou dwe gade non Li sen. Nou va toujou respekte Non li.

3. Volonte Bondye a fèt nan syèl la pa tout moun ki la. Nou dwe lapriyè pou volonte Li kapab fèt sou latè a menm jan. Si tout moun t'ap fè volonte Bondye a, latè a pa ta jan li ye a.

4. Nou kab fè Bondye konnen tout sa nou bezwen, nou menm kab mande Li pen pou nou manje chak jou. Li vle ban nou tout sa li wè nou bezwen tout bon. Li va ede nou regle tout pwoblèm lavi nou.

5. Ki jan ou padonnen lezòt yo? Bondye va padonnen nou menm jan nou padonnen lezòt yo. Nou pa kapab jwenn padon Bondye si nou gen gwo kè, rankin, vanjans ou byen rayisab nan kè nou. Bondye ap padonnen nou sa nou fè ki mal, si nou menm nou padonnen lezòt yo lè yo fè nou tò.

6. Bondye gen tout pouvwa pou L delivre nou anba tout tantasyon e anba tout mal.

7. Bondye kapab fè tout sa nou mande paske rwayòm nan se pou Li, ak tout pouvwa e tout glwa a.



Matye 6:25-34

²⁵—Se poutèt sa, mwen di nou: Pa bat kò nou pou sa nou bezwen pou manje ak bwè pou viv, ni pou rad nou bezwen pou mete sou kò nou. Eske lavi a pa pi konsekan pase manje? Eske kò a pa gen plis valè pase rad? ²⁶Gade zwazo k'ap vole nan syèl la: yo pa plante, yo pa fè rekòt, yo pa sere anyen nan galata. Men, Papa nou ki nan syèl la ba yo manje. Eske nou pa vo pi plis pase zwazo yo? ²⁷Kilès nan nou, afòs li fè tèt li travay, kapab mete kèk lanne an plis sou lavi l? ²⁸—Poukisa pou n'ap bat kò nou pou rad pou nou mete sou nou? Gade

ki jan flè raje yo pouse nan savann. Yo pa travay, yo pa fè rad. ²⁹Malgre sa, m'ap di nou sa, wa Salomon ki wa Salomon, ak tout richès li yo, pat gen bèl rad tankou yonn nan flè sa yo. ³⁰Se konsa Bondye abiye pye zèb yo ki la nan jaden an jòdi a, men denmen yo jete sa nan dife pou chofe fou. Nou pa bezwen mande si li p'ap abiye nou tou. Ala manke nou manke konfyans nan Bondye! ³¹—Pa chaje tèt nou ak yon bann kèsyon: Kisa n pral manje? Kisa n pral bwè? Kisa n pral mete sou nou? ³²Tout bagay sa yo, se moun lòt nasyon yo k'ap kouri dèyè yo tout tan. Men nou menm, nou gen yon Papa nan syèl la ki konnen nou bezwen tout bagay sa yo. ³³Pito nou chache bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premye plas nan lavi nou, chache viv jan Bondye vle l la anvan. Lè sa a, Bondye va ban nou tout lòt bagay sa yo tou. ³⁴Se sa ki fè, pa chaje tèt nou pou denmen, paske denmen va gen zafè pa li. Chak jou gen kont chay pa yo.

DEVWA POU FÈ

Aprann vèsè sa a: “Pito nou chache bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premye plas nan lavi nou, chache viv jan Bondye vle l la anvan. Lè sa a, Bondye va ban nou tout lòt bagay sa yo tou.”

—Matye 6:33

LESON ZWAZO YO

Eske ou pa janm gade ti zwazo yo ap vole nan syèl la? Yo kontan. Yo pa bat kò yo. Yo pa pè. Chak maten yo leve ap chante. Chak jou yo rann gras pou manje yo jwenn pou manje. Yo pa bat kò yo pou manje pou demen. Yo konnen va genyen manje pou yo demen. Yo konfyè nan Bondye pou pran bon swen yo.

Ou menm ak mwen dwe tankou zwazo yo. Nou dwe kontan epi chante lwanj Bondye chak maten, chak jou. Nou pa dwe bat kò nou pou sa nap manje demen. Bondye ki te fè zwazo yo epi ki ede yo jwenn manje chak jou va ede nou genyen manje chak jou tou. Fok nou mete konfyans nan li. Nou vo anpil plis pase plizyè zwazo.

LESON FLÈ RAJE YO

Eske ou pa janm wè flè raje yo? Yo se bèl flè ki sanble gòde e yo pouse nan chan yo. Yo genyen bel fòm. Pafwa yo blan pi. Jezi di flè raje sa yo gen pi bèl rad pase menm gran wa Salomon! Sepandan flè raje yo pa bat kò yo sou sa ya mete sou yo. Bondye bay yo bèlte epi li abiye yo ak bèl koulè. Ou menm ak mwen dwe aprann konfyè nan Bondye pou rad nou. Li te fè nou e Li vle nou konfyè nan Li pou sa na pral mete sou nou. Nou vo anpil plis pase flè raje yo.

MEN BAGAY KI PI ENPÒTAN AN

Nou jwenn pwomès Bondye pou ou ak pou mwen nan vèsè nou te aprann nan. Nou dwe chache Bondye avan tout bagay. Se Li ki dwe premye nan panse nou, premye nan kè nou, premye nan lavi nou; nou dwe viv pou Li e renmen Li pi plis pase tout bagay sou latè a. Lè nou mete Bondye devan, Li va pran swen nou pi byen pase jan nou menm nou ta pran swen tèt pa nou.

LISTWA 9. BONTE BONDYE ANVÈ NOU



Matye 7:7-12

⁷—Mande, y'a ban nou. Chache, n'a jwenn. Frappe, y'a louvri pou nou. ⁸Paske, nenpòt moun ki mande va resevwa. Moun ki

chache va jwenn. Y'a louvri pou moun ki frappe. ⁹Eske gen yonn nan nou ki va bay pitit li yon wòch si li mande l yon pen? ¹⁰Eske l'a ba li yon koulèv si pitit li mande l yon pwason? ¹¹Si nou menm ki mechan jan nou mechan an, nou konn bay pitit nou yo bon bagay, nou pa bezwen mande si Papa nou ki nan syèl la p'ap ban nou bon bagay lè nou mande li. ¹²—Tou sa nou vle lòt moun fè pou nou, nou menm tou fè l pou yo. Se sa lalwa Moyiz la ak liv pwofèt yo mande nou fè.

LESON SOU PASAJ SA A

1. Bondye reponn lapriyè e se a Papa nou ki nan syèl la nou dwe priye.

2. Papa nou ki nan syèl la renmen nou pi plis pase manman ak papa nou sou latè a. Konsa Li va ban nou bon bagay e bagay ki bon pou nou.

3. Moun ki chache Bondye avèk tout kè li va resevwa rekonpans yo.

4. Tout ansèyman Bib la bay nou gran verite sa a: “Pou nou fè pou lezòt sa nou ta vle yo fè pou nou”. “Lezòt” vle di tout moun, se pa sèlman moun ki menm ras avèk nou ou byen ki kwè menm jan avèk nou.

DEVWA POU FÈ

Aprann vèsè sa a, yo rele li Règ Lò a: “—Tou sa nou vle lòt moun fè pou nou, nou menm tou fè l pou yo. Se sa lalwa Moyiz la ak liv pwofèt yo mande nou fè.” —Matye 7:12

KI SA RÈG LÒ A FÈ

Lè tout moun viv dapre Règ Lò a e swiv sa li di, anpil bagay mèveye rive. Men kèk nan yo:

1. Gen lopital ki bati pou pran swen moun ki malad.
2. Gen kay ki bati pou ede malere yo, pou timoun ki pa gen fanmi, ou byen pou moun ki gen bèl laj epi ki pa gen moun pou pran swen yo.
3. Yo amelyore kondisyon nan prizon yo, yo vin pi pwòp.
4. Yo pa achté ni vann moun kòm esklav ankò, tout moun lib.
5. Moun ki genyen yo, bay malere rad ak manje.
6. Yonn renmen lòt, yonn ede lòt pote chay yo.
7. Chèf yo fè lwa pou pwoteje moun y'ap gouvène yo.
8. Moun yo gen libète pou yo kab adore Bondye jan yo vle.

YON BON KÈSYON POU POZE TÈT OU

Si ou pa konnen ki jan pou swiv Règ Lò a nan lavi ou, ou byen si ou pa si ki jan pou ajì anvè yon etranje, yon zanmi ou byen yon lènmi, poze tèt ou kèsyon sa a: “Si mwen te nan plas li, ki sa mwen ta vle yo fè pou mwen?” Si ou reponn kèsyon sa onètman nan kè ou, alò ajì anvè moun sa a menm jan ou ta renmen lòt moun ajì anvè ou. Se konsa ou va swiv Règ Lò a.

LISTWA 10. DE (2) MOUN K'AP BATI



Matye 7:24-29

²⁴—Konsa, moun ki tande pawòl mwen fenk sot di a, epi ki fè sa mwen mande li fè a, l'ap tankou yon moun lespri ki bati kay li sou wòch. ²⁵Lapli tonbe,

dlo desann, gwo van soufle sou kay la ak tout fòs. Kay la pa tonbe, paske yo te moute fondasyon kay la sou wòch. ²⁶Men, moun ki tande pawòl mwen fenk sot di a, epi ki pa fè sa mwen mande li fè a, l'ap tankou yon moun fou ki bati kay li sou sab. ²⁷Lapli tonbe, dlo desann, gwo van soufle sou kay la ak tout fòs: kay la tonbe, li fini nèt ale. ²⁸—Lè Jezi fin di pawòl sa yo, foul moun yo te sezi tande sa l t'ap moutre yo. ²⁹Se pat menm jan ak dirèktè lalwa yo, paske li te pale ak yo tankou yon moun ki otorize.

DEVWA POU FÈ

Ranpli espas ki vid yo avèk mo ki korèk dapre Listwa 10 la.

1. Moun ki tande pawòl Jezi e ki fè sa Li mande yo fè a, yo tankou yon moun _____ ki bati kay li sou wòch.

2. Moun ki tande pawòl Jezi e ki PA fè sa Li mande yo fè a, yo tankou yon moun _____ ki bati kay li sou sab.

MOUN LESPRI A AP BATI

Si ou menm avèk mwen menm vle pou nou tankou moun lespri a, konsa nou dwe koute Pawòl Bondye a epi **fè sa Li mande nou fè a**. Nou jwenn pawòl Jezi yo nan Bib la. Gen anpil pawòl Jezi nou jwenn nan Levanjil Matye n'ap etidye koulyeya.

Si nou bati lavi nou sou Pawòl Jezi e si nou swiv Li, konsa anyen p'ap rive nou lè loraj lavi a tonbe sou nou. Lè nou di loraj lavi a, nou vle pale sou: eprèv, traka, bagay ki difisil pou nou sipòte, ou byen lè bagay tris vin sou nou. Jezikri tankou yon gwo wòch. Li asire, li rete la tenn fas, anyen pa kab deplase li. Si nou bati lavi nou sou Li, Li va kenbe nou fèm e anyen p'ap kapab souke nou. Eske ou pa ta vle bati menm jan ak moun lespri a? Alò kite Jezi antre nan kè ou koulyeya. Priye Jezi e mande Li pou L sa antre nan kè ou. Li vle fè sa. Sèlman louvri pòt kè ou e Li va antre.

YON LAPRIYÈ

Senyè, padonnen tout peche m. Fè kè mwen pi epi pwòp.

Viv nan mwen chak jou, souple. Gide mwen nan tout sa m'ap fè e nan tout sa m'ap di.

Nan Revelasyon 3:20, Jezi di pawòl sa yo: **“Koute. Men mwen kanpe la devan pòt la, m'ap frape. Si yon moun tande vwa m, si l louvri pòt la ban mwen, m'a antre lakay li, m'a manje ansanm avè l, l'a manje ansanm avèk mwen.”**

MOUN FOU A AP BATI

Anpil moun pa obeyi Pawòl Bondye a. Yo sèlman koute epi yo bliye sa yo te tande a. Yo menm jan ak moun fou a. Lè loraj lavi


a frape yo, yo pa ka kanpe, men yo tonbe menm jan ak kay la ki te bati sou sab la. Sa regretab. Yo pa kite Jezi vin nan kè yo e yo pa obeyi Pawòl Jezi a.

APRANN VÈSE SA A

“Se pou nou fè tou sa pawòl la mande nou fè. Pa rete ap koute ase.”

—Jak 1:22a

LISTWA 11. VAN AK LANMÈ A KOUTE JEZI



Matye 8:23-27

²³Jezi moute nan kannòt la, disip li yo pati avèk li. ²⁴Antan yo sou lanmè a, yo rete konsa

yon gwo van vin leve. Lanm lanmè yo t'ap kouvri kannòt la. Jezi menm t'ap dòmi lè sa a. ²⁵Disip yo pwoche bò kote li. Yo souke l, yo fè l leve. Yo di l konsa: —Mèt, sove nou non. Se mouri n'ap mouri. ²⁶Jezi di yo: —Poukisa nou pè konsa? Ala moun manke konfyans! Apre sa, Jezi leve kanpe, li pale byen fò ak van an ansanm ak dlo a. Lanmenm yon gwo kalmi fèt. ²⁷Mesye yo te sezi anpil. Yo di konsa: —Ki kalite moun sa a menm, pou jouk van ak dlo lanmè obeyi li?

YON LORAJ SOU LANMÈ A


Jezi avèk disip Li yo te nan yon gwo kannòt sou dlo a. Jezi te fatige e L t'ap kabicha. Pandan L t'ap dòmi, yon gwo loraj ak tanpèt te leve epi lanm lanmè yo te tèlman gwo yo te kouvri kannòt la. Disip yo te pè. Yo te al leve Jezi. Jezi dwe te etone pou L wè disip yo pè etan Li te avèk yo. Men lè Li wè ki jan lafwa yo te piti, Li leve e Li di van an ak lanmè a pou yo rete trankil. Lanm lanmè yo rete an pe e

vin genyen yon gwo kalmi. Lè sa a, disip yo konprann ke Li se yon Nonm ki diferan pase tout moun yo te konnen avan Li. Tout bon, Nonm sa a se Pitit Bondye a. Menm van ak dlo lanmè a obeyi li!

YON BAGAY POU NOU SONJE

Gen kèk lanne de sa, yon manman avèk de (2) pitit fi li te nan yon gwo bato sou lanmè a. Yon bagay te rive bato a e li te kòmanse koule. Gen kèk moun nan bato a ki te pè, men manman sa a avèk de ti fi li yo te renmen Jezi e yo te gen konfyans nan Li. Eske ou konnen ki sa pi gran fi a te di? Li di: “Manman, lanmè a se pou Jezi, se Li ki te fè l, konsa nou pa bezwen pè desann anba lanmè a, paske nou p’ap twò lwen pou li pran swen nou.” Avèk yon kè ki konfyan, yo te rankontre lanmò a nan fon lanmè a. Chè zanmi mwen an, sonje sa: **“OKENN VRE MAL PA KAPAB RIVE NOU LÈ JEZI AK NOU.”**

LISTWA 12. NOU DWE PALE LEZÒT YO OSIJÈ JEZI



Matye 10:28-33

²⁸Nou pa bezwen pè moun ki kapab touye kò nou, men ki pa kapab touye nanm nou. Se Bondye pou nou pè pito, paske li menm li kapab detwi nanm nou ansanm ak tout kò nou nan lanfè.

²⁹Eske yo pa vann ti zwazo de pou senk kòb? Malgre sa, pa gen yon sèl ki tonbe atè san Papa nou pa konnen. ³⁰Pou nou menm menm, ata grenn cheve nan tèt nou, yo tout konte. ³¹Se sa k fè, nou pa bezwen pè menm: nou vo pi plis pase anpil ti zwazo. ³²—Moun ki va kanpe pou mwen devan lèzòm, mwen menm tou, m’a kanpe pou li devan Papa m ki nan syèl la. ³³Men tou, moun ki va kanpe devan lèzòm pou di li pa konnen m, mwen menm tou, m’a kanpe devan Papa m ki nan syèl la, m’a di mwen pa konnen l.

SE NESESÈ POU KONFESE KRIS

Jezi te pwomèt nou, si nou konfese Li pami lèzòm isi ba, Li va konfese nou devan Bondye nan syèl la. Sa se yon bagay ki mèveye. Konfese Li vle di pou nou kanpe pou Li nan pawòl nou e nan aksyon nou. Eske ou konn pale lezòt yo osijè Jezi, osijè gran pwisans Li genyen pou sove nou anba peche nou? Eske ou di lòt moun sa Li fè pou ou e ki jan Li te sove ou? Men bagay nou dwe fè si nou vle konfese Li devan lèzòm.

Sèlman, si nou wont, nou pa vle pale osije Jezi e nou pa vle fè sa Li mande nou fè, konsa nou renyen Jezi devan lèzòm. Se yon bagay serie ki fè Jezi tris anpil. Nou dwe mande Jezi padon pou sa epi konfyè nou nan Li menm pou ede nou fè sa ki bon devan je Li. Se konsa pou Jezi pa renyen nou devan Papa Li ki nan syèl la.

NOU PA DWE PÈ LÒM

Gen kèk moun ki trè mechan. Yo fè bagay ki mal anpil. Gen de fwa yo menm touye moun. Men se kò a sèlman yo kapab touye; yo pa kapab touye nanm lan. Nanm lan se pati pa Bondye ki nan nou ki p'ap janm mouri. Lè kò nou mouri, nanm nou tounen ale jwenn Bondye ki te ban nou li. Ebre 9:27 di nou: **“Tout moun gen pou mouri yon sèl fwa, apre sa, Bondye gen pou jije yo.”** Ou menm avèk mwen, nou genyen pou nou rann Bondye kont sou tout sa nou fè. **“Se konsa, chak moun gen pou rann Bondye kont pou tèt pa yo”** (Women 14:12). Se Bondye nou dwe pè. Gade **Eklezyas 12:13, 14: “Gen krentif pou Bondye. Fè tou sa li mande ou fè yo. Se pou sa ase Bondye te kreye moun. Paske**

Bondye ap jije tou sa n'ap fè, kit yo bon, kit yo pa bon, ata bagay nou fè an kachèt."

Bondye di nou pa pè sa lòm kapab fè nou. Yo kapab di move bagay sou nou ki pa vrè, yo kab fè nou mal, yo kab menm touye nou. Men Bondye di nou dwe sipòte sa epi mete konfyans nan Li. Bondye konnen tout bagay! Li menm konnen konbyen grenn cheve nou gen nan tèt nou! Bondye konnen tout bagay, Li menm konnen lè yon ti zwazo tonbe atè. Nou gen plis valè devan Bondye pase anpil, anpil ti zwazo. Li p'ap janm bliye nou. Nan Ebre 13, vèsè 5b, Bondye di: **"Mwen p'ap janm vire do ba ou, mwen p'ap janm lage ou."**

LISTWA 13. PARABÒL MOUN KAP SIMEN AN



Matye 13:1-9 epi 18-23

¹Menm jou sa a, Jezi sòti nan kay la, l'al chita bò lanmè a. ²Te sitèlman gen moun sanble tout bò kote Jezi, li moute nan yon kannòt, li chita. Tout foul moun yo menm te rete kanpe sou ri-

vay la. ³Li t'ap rakonte yo kèk parabòl pou l te fè yo konprann anpil bagay. Li t'ap di yo konsa: —Ala, yon moun sòti pou l ale simen grenn nan jaden l. ⁴Antan l'ap simen grenn yo, kèk grenn tonbe bò chemen an: zwazo vini, yo manje yo. ⁵Yon pati grenn tonbe nan mitan wòch, kote ki pat gen anpil tè. Grenn sa yo leve byen vit, paske yo pat antre fon anba tè a. ⁶Men, lè solèy la chofe, li boule ti plant yo, yo cheche, paske rasin yo pat fon. ⁷Yon lòt pati tonbe nan mitan pikan. Pikan yo grandi, yo toufe bon ti plant yo. ⁸Men, yon lòt pati ankò tonbe nan bon tè. Yo donnen. Genyen ki bay san grenn, lòt bay swasant, lòt bay

trant. ⁹Aprè sa, Jezi di yo: —Si nou gen zòrèy pou n tande, tande. ¹⁸— Kounyeya, koute. Men sa parabòl moun ki t'ap simen an vle di. ¹⁹Moun ki tande pawòl ki pale sou Peyi Wa a men ki pa konprann li, yo sanble ak tè bò chemen an, kote kèk grenn te tonbe: Satan vini, li rache pawòl ki te simen nan kè yo a. ²⁰Gen lòt ki tankou tè ki gen anpil wòch la. Lè yo fenk tande pawòl la, yo resevwa l ak kè kontan. ²¹Men, yo pa kite l pouse rasin nan kè yo. Yo pa kenbe l pou lontan. Lè yo tonbe

anba tè chaje ak pèsèkasyon akòz pawòl Bondye a, lamenm yo jwenn okazyon pou yo tonbe nan peche. ²²Gen lòt ankò ki resevwa pawòl la tankou grenn ki tonbe nan mitan pikan. Yo tande pawòl la, men traka lavi ak anvi gen lajan, tou sa toufe pawòl la, kifè yo pa ka bay anyen menm. ²³Moun ki resevwa pawòl la tankou grenn ki tonbe nan bon tè a, se moun ki konprann pawòl la lè yo tande li. Lè sa a, yo donnen. Gen ladan yo ki bay san, yon lòt bay swasant, yon lòt bay trant.

KI SA YON PARABÒL YE?

Yon parabòl se yon ti listwa kout pou fè nou konprann pi byen yon verite moral ou relijye.

DEVWA POU FÈ

A. Men kèk fraz ki bezwen konplete. Li listwa sa a ankò e mete mo ki manke yo. Nou fè premye a pou ou.

1. Grenn ki te tonbe bò chemen an, ZWAZO te manjè l.
2. Grenn ki te tonbe nan mitan wòch yo, pat jwenn anpil _____, konsa, lè solèy la te chofo, yo te _____ e paske rasin yo pat fon, yo _____.
3. Grenn ki te tonbe nan mitan pikan, pikan yo te toufe _____.
4. Grenn ki te tonbe nan bon tè a te bay anpil _____.

ESPLIKASYON PARABÒL SA A

B. Li listwa a ankò pou esplikasyon parabòl la e mete mo ki manke yo. Nou fè premie a pou ou.

1. Grenn ki tonbe bò chemen an se tankou moun ki tande
PAWÒL _____ rwayòm Bondye a men ki pa _____
li. Konsa Satan vin rache pawòl la nan kè li.

2. Grenn ki tonbe kote ki gen wòch yo, yo tankou moun ki tande _____ la e yo resevwa li avèk kè kontan.
Men paske yo pa kite l pouse rasin nan kè yo, lè yo tonbe anba tèt chaje ak pèsekisyon, yo _____ nan peche.

3. Grenn ki tonbe nan mitan pikan se tankou moun ki tande Pawòl la men yo gen tròp bagay y'ap okipe pou yo pran swen _____ yo, tankou: okipe kay, fè manje, koud, fè zafè, chèche plezi. Konsa anvi gen lajan sou latè twonpe yo e toufe _____ e yo pa bay _____.

4. Grenn ki tonbe nan bon tè a se tankou moun ki tande Pawòl la e ki konprann ni. Yo resevwa li avèk kè kontan e yo bay Bondye premye plas nan lavi yo. Ni eprèv, ni traka, ni pèsekisyon pa ka rache yo nan men Bondye. Yo pa kite tèt chaje lavi a touye grenn la e kè yo pa gen tantasyon pou richès. Yo louvri je yo, y'ap veye priye, mete konfyans yo nan Bondye pou ede yo. Konsa yo pòte anpil _____, kèk pòte san (100), kèk swasant (60), kèk trant (30).

KÈSYON — TANKOU KI KALITE GRENN OU YE?

Si ou tankou grenn ki tonbe nan bon tè a, ale jwenn Senyè Jezi a nan lapriyè e kite Li vini nan kè ou e nan lavi ou. Li va ede ou pòte anpil fwi.

LISTWA 14. KWA A AVÈK KOUWÒN NAN

Matye 16:24-28


²⁴Aprè sa, Jezi di disip li yo: — Si yon moun vle mache dèyè m, se pou li bliye tèt li. Se pou l chaje kwa l sou zepòl li, epi swiv mwen. ²⁵Paske, moun ki ta vle sove lavi l va pèdi li. Men, moun ki va pèdi lavi l poutèt mwen, li va jwenn li ankò. ²⁶Kisa sa ta sèvi yon moun pou l ta genyen le-monn antye si l pèdi lavi li? Kisa yon moun kapab bay pou l gen lavi? ²⁷Konprann sa byen, Moun Bondye voye nan lachè a gen pou l tounen ak zanj li yo, nan tout bèl pouvwa Papa l la. Lè sa a, li va bay chak moun sa yo merite dapre sa yo fè. ²⁸Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Nan moun ki la



kounyeya, gen ladan yo ki p'ap gentan mouri san yo pa wè Moun Bondye voye nan lachè a tounen tankou yon wa k'ap gou-vènen.

YON KWA POU CHAK MOUN

Si nou vle swiv Jezi, nou dwe prèt pou nou renonse a pwòp tèt pa nou e pou n pòte kwa nou. Jezi te pòte yon kwa pou ou e pou mwen. Li te kite tout glwa Li ak tout richès Li nan syèl la epi L vini



sou latè a pou sove nou anba lamò, lanfè avèk tonm nan. Li te sipòte anpil soufrans pou nou. Ebre 12, vèsè 2b di, alega Jezi: **“Li kite yo fè l soufri sou kwa a. Li pa pran wont sa a pou anyen, paske li te toujou chonje apre l te fin soufri a,**

Bondye t’ap fè kè l kontan. Kifè kounyeya li chita sou bò dwat fotèy Bondye a.” Wi, Jezi nan syèl la kounyeya, kote ki genyen tout glwa ak tout kè kontan. Li vle pou ou menm avèk mwen vin jwenn Li la. Nan Jan 14, vèsè 2b, 3, Jezi di nou: **“Mwen pral pare plas pou nou . . . Lè m’a fin pare plas la pou nou, m’a tounen vin chache nou. Konsa, kote m’a ye a, se la n’a ye tou.”**

Sa sa vle di pou nou renonse a pwòp tèt pa nou? Sa vle di nou bay sa ki pou nou, pou lezòt yo kapab jwenn yon bagay ki pi enpòtan. Bondye kapab mande ou depanse lajan ou, bay lajan pou ede yo bay mesaj levanjil la pou pèp ki pa gen Bib la ou ki pa janm tande pale sou Jezi. Petèt Li ka mande ou pase yon tan san manje pou lapriyè pou nanm yon moun ou byen pou yon moun ki malad. Petèt Li ka mande ou pa achte yon bagay ou ta anvi achte pou ou kab ede moun ki pòv e ki grangou. Petèt Jezi va mande ou ale yon kote pou anseye pèp la Non li. Pafwa Li mande nou pran swen timoun ki san fanmi, ou byen menm pran yo lakay nou epi ede elve yo. Genyen anpil jan Jezi ka mande nou pou n renonse a pwòp tèt pa nou.

NANM OU GENYEN PLIS VALÈ PASE TOUT LATÈ A

Si ou ta kapab travay anpil jistan w’a devni moun ki pi rich sou latè a, men ou pa ta renmen Jezi ni ou pa ta swiv Li, ni mete

konfyans ou nan Li kòm Sovè ou, ou ta moun ki pi sòt ki genyen. Nanm ou ta pèdi. Nan pwenn anyen sou latè a ki ka peye pou pèt lavi etènèl la. Ki sa yon moun pa ta bay pou nanm li? Te gen yon nonm ki te vle fè fanmi li ak pèp la plèzi, plis pase Bondye. Konsa li te bay nanm li pou li te kapab vin yon nonm popilè. Pa gen anyen nan lemonn, pa gen okenn rekonpans yon nonm mekan ta ka ofri ou, ki ta gen menm valè avèk nanm yon moun. Nou pa ta dwe janm fè anyen ki ta mennen nou lwen Jezikri, Senyè nou.

DEVWA POU FÈ

Aprann vèse sa a: **“Moun Bondye voye nan lachè a gen pou l tounen ak zanj li yo, nan tout bèl pouvwa Papa l la. Lè sa a, li va bay chak moun sa yo merite dapre sa yo fè.”**

—Matye 16:27b

LISTWA 15. JEZI RENMEN TIMOUN YO



Matye 18:10-14

¹⁰— Atansyon: Piga nou me-prize yon sèl nan ti piti sa yo. Paske m'ap di nou sa: zanj gadyen yo ki nan syèl la, se tout tan yo la devan Papa m ki nan

syèl la. ¹¹[Paske, Moun Bondye voye nan lachè a vin delivre sa ki te pèdi.] ¹²— Sa nou konprann nan sa? Si yon nonm gen san mouton, epi li rete konsa li pa wè yonn ladan yo, eske li p'ap kite katrevendiznèf lòt yo sou mòn lan, pou l'ale chache mouton ki pèdi a? ¹³Si l rive jwenn li menm, se vre wi, sa m'ap di nou la a, l'ap pi kontan pou mouton sa a pase pou katrevendiznèf lòt yo ki pat pèdi. ¹⁴Konsa tou, Papa nou ki nan syèl la pa ta renmen wè yon sèl nan ti piti sa yo rive pèdi.

SA LISTWA SA A MOUTRE NOU

1. Timoun yo gen zanj. Zanj yo wè fas Bondye nan syèl la. Konsa nou dwe pran prekosyon nou, jan n'ap ajì avèk timoun yo. Nou dwe ede timoun yo fè sa ki byen.

2. Pitit lòm lan se yon lòt non pou Jezi. Yo rele Li pafwa Pitit lòm la paske li te fèt pa Vièj Mari e yo rele Li tou Pitit Bondye a paske Bondye se Papa Li.

3. Sa ki te fè Jezi vin sou latè a se pou Li te kab sove sa ki pèdi.

4. Menm jan yon moun pati ale chache yon mouton ki pèdi se konsa Jezikri vin chache nou.

5. Menm jan moun nan kontan lè li jwenn mouton ki pèdi a, se konsa Jezi kontan lè nou kite li jwenn nou.

6. Jezi kontan pi plis lè li jwenn yon bon timoun inosan ki mete konfyans nan li e ki kwè nan Li. Li pa ta vle yon sèl timoun pèdi. Li ta vle yo tout sove.

7. Sa moutre nou ke se yon bagay ki enpòtan anpil pou nou anseye timoun yo de Jezi e pou nou mennen timoun yo ba li.

PANSE SOU SA

Kèsyon: “Ki sa ki rive yon moun ki pa vle timoun yo swiv Jezi?”

Repons: Jezi di nan Matye 18:6: “—**Kanta moun ki fè yonn nan timoun sa yo ki kwè nan mwen tonbe nan peche, li ta pi bon pou li si yo ta mare yon gwo wòl moulen nan kou l voye l jete nan fon lanmè.**”

JEZI VLE TIMOUN YO VIN JWENN LI



Mak 10:13-16

¹³Yo te mennen kèk timoun bay Jezi pou l te mete men sou tèt yo. Men disip yo t’ap di

moun yo pa fè sa. ¹⁴Lè Jezi wè sa, li pat kontan menm. Li di disip yo: —Kite timoun yo vin jwenn mwen non. Pa anpeche yo vini, paske Peyi kote Bondye Wa a, se pou tout moun ki tankou timoun sa yo. ¹⁵Sa m’ap di nou la a, se vre wi: Si yon moun pa asepte otorite Bondye a tankou yon timoun, li p’ap janm ka mete pye l nan Peyi kote Bondye Wa a. ¹⁶Aprè sa, li pran timoun yo nan bra l, li mete men l sou tèt yo chak, li beni yo.



Matye 18:21-35

²¹Lè sa a, Pyè pwoche bò kote Jezi, li di l konsa: —Mèt, konbe fwa pou m padonnen frè m lè li fè m yon bagay mal? Sèt fwa konsa? ²²Jezi reponn li: —Non, Pyè. Mwen pa di ou padonnen l sèt fwa, men padonnen l swa-sanndis fwa sèt fwa. ²³Men ki jan sa ap pase nan Peyi Wa ki nan syèl la: Se tankou yon wa ki te vle fè regleman ak domestik li yo. ²⁴Li te fenk konmanse fè regleman an lè yo mennen yonn ba li ki te dwe l senkantmil (50.000) goud. ²⁵Men, nonm lan pat gen dekwa peye tout lajan sa a. Mèt la bay lòd pou yo vann li tankou esklav, li menm, madanm li, pitit li yo ansanm ak tou sa l te genyen, pou peye dèt la. ²⁶Domestik la tonbe ajenou

devan mèt la, li di li: Mèt, tanpri souple, pran yon ti pasyans pou mwen, m'a peye ou tout lajan an. ²⁷Kè mèt domestik la fè l mal, li kite lajan an pou li, li kite l ale. ²⁸— Lè domestik la sòti, li kontre ak yon kanmarad ki te dwe l san (100) goud. Li kenbe l, li pran trangle l, li di li: Peye m sa ou dwe m lan. ²⁹Kanmarad la lage kò l atè, li di lòt la: Tanpri, pran yon ti pasyans pou mwen, m'a peye ou. ³⁰Men, lòt la pa tande. Li fè mete kanmarad la nan prizon, pou jouk lè li fin peye sa li dwe a. ³¹Lè lòt domestik yo wè sa k te rive, sa te fè yo mal anpil. Y'al rakonte mèt la sa k te pase. ³²Lè sa a, mèt la fè rele domestik la. Li di l konsa: Gade jan ou mechan! Mwen kite tout lajan sa a pou ou paske ou te mande m fè sa pou ou. ³³Ou te dwe gen pitye pou kanmarad ou a menm jan mwen te gen pitye pou ou a. ³⁴Mèt la fè gwo kòlè, li fè mete mesye nan prizon pou yo bat li jouk lè li fin peye tou sa l te dwe a. ³⁵—Se konsa Papa m ki anwo nan syèl la va ajì ak nou, si nou pa padonnen frè nou yo ak tout kè nou.

LISTWA SA A MOUTRE NOU ANPIL BAGAY

1. Lè Jezi di: “Swasanndis fwa sèt fwa” sa vle di nou dwe toujou padonnen.

2. Sèvitè ki te dwe Wa a sinkantmil (50.000) goud, li te dwe anpil kob. Panse non, sèvitè sa a te dwe Wa a di mil fwa valè yon goud. Sa ta yon bagay vrèman difisil pou l ta peye Wa a pakèt lajan sa a.

3. Lè sèvitè a te mande Wa a pran pasyans e la peye li, Wa a moutre gran lamou Li e gran konpasyon Li. Li fè mesye a kado tout dèt la.

4. Sèvitè sa a te moutre engratitid li paske li te ale egziye kanmarad li a yon ti kraze ke li te gen pou li. San goud se pat yon gwo lajan menm nan tan sa a. Ala enjis mesye te enjis pou l pran kanmarad li a nan kòlèt e egziye li peye. Bondye ap gade tout aksyon nou e Li te kapab wè ke premye sèvitè a pa te trete kanmarad li a avèk menm lamou ke Wa a te temwaye li. Li te san pitye li menm.

5. Premye sèvitè a pa te koute lapriyè kanmarad li a. Li te di mete l nan prizon jistan li peye dèt la. Si l pat kapab peye lè l te gen libète, sa ta pi difisil pou l peye lè l ta nan prizon.

6. Yo te rapòte Wa a sa. Sa te fè Wa a fache anpil paske Li te wè ke sèvitè Li te padonnen a te engra. Li te dwe gen bon volonte, menm jan Wa a te padonnen li, li te dwe padonnen tout moun ki dwe li tou.

7. Paske sèvitè mechan sa a pa te padonnen li menm, li te genyen pou ale nan prizon e pase mizè jistan la fin peye tout sa li dwe Wa a.

8. Jezi di se sa k'ap rive nou, si nou pa padonnen lezòt yo ak tout kè nou!

9. Pawòl Bondye a di nou nan Women 3:23 ke nou tout se pechè: **“Tout moun fè peche. Yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a.”** Nou pat kapab peye Bondye dèt peche nou paske nou pat pwòp devan Bondye. Men Jezi, ki pi e ki sen paske li pat gen peche, te vini peye dèt nou pou nou paske li te mouri sou kwa a pou peche nou. Li fè nou lib. 1 Jan 3:5 di nou: **“Nou konn sa: Jezikri te parèt pou wete peche lèzòm, men li menm li pat janm fè peche.”**

10. Alò depi Bondye akòz Jezi te padonnen nou peche nou, Li vle tou pou nou padonnen lezòt yo tout tò yo fè nou. Lè nou padonnen lezòt yo, nou moutre Bondye nou gen rekonesans pou Li nan kè nou paske Li te padonnen nou peche nou e lage nou lib.

SONJE SA



Rann mal pou byen se gwo mechanste, sa pa bon ditou. Rann byen pou byen se sa tout moun dwe fè. Men lè nou rann byen pou mal, nou vin tankou Senyè Jezikri a. Jezi te konn priye pou lènmi li yo e pou moun ki tap fè li souffri. Nan Lik 23:34, nou jwenn lapriyè sa a Jezi te fè: **“—Papa, padonnen yo. Yo pa konnen sa y'ap fè.”**

LISTWA 17. YON NONM RICH KI TE TRIS

Matye 19:16-26

¹⁶Yon nonm pwoche bò kote Jezi, li di l konsa: —Mèt, ki bon bagay mwen dwe fè pou m ka resevwa lavi ki p'ap janm fini an? ¹⁷Jezi reponn li: —Poukisa w'ap poze m kèsyon sou sa ki bon? Se yon sèl ki bon. Si ou vle antre nan lavi a, se pou ou fè sa kòmandman yo mande. ¹⁸Nonm lan mande li: —Kilès kòmandman sa yo? Jezi reponn li: —Piga ou touye moun. Piga ou fè adiltè. Piga ou vòlò. Piga ou bay manti. ¹⁹Respekte papa ou ak manman ou. Se pou ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen tèt pa ou. ²⁰Jennonm lan di li: —Mwen swiv tout bagay sa yo. Kisa pou m fè ankò? ²¹Jezi di li: —Si ou vle bon nèt san manke anyen, ale vann tou sa ou genyen, separe lajan an bay pòv. Lè sa a, w'a gen yon richès nan syèl la. Apre sa, vin swiv mwen. ²²Lè jennonm lan



tande pawòl sa yo, li vin kagou, li vire do l, l'ale paske li te gen anpil byen. ²³Lè sa a, Jezi di disip li yo: —Sa m'ap di nou la a, se vre wi. Sa ap difisil nèt pou yon nonm rich antre nan Peyi Wa ki nan syèl la. ²⁴M'ap di nou sa ankò: L'ap pi fasil pou gwo bèt yo rele chamo a pase nan je yon zegwi pase pou yon nonm rich antre nan Peyi Wa ki nan syèl la. ²⁵Lè disip yo tande sa, yo pat manke sezi, yo di: —Nan kondisyon sa a, ki moun ki ka sove? ²⁶Jezi gade yo, li di: —Moun pa ka fè sa, se vre. Men, pa gen anyen Bondye pa kapab fè.

DEVWA POU FÈ

A. Sou lin sa yo ekri senk (5 nan 6) kòmandman Jezi te di nonm rich la pou-l obsève.

1. _____

2. _____

3. _____

4. _____

5. _____

B. Reponn kèsyon sa yo pa WI ou byen pa NON. Si repons la se “wi”, mete WI nan espas nou kite a, si repons la se “non”, mete NON.

1. Eske jènnonm nan te di li te swiv tout bagay sa yo?

2. Eske Jezi te di jènnonm nan si li vle bon nèt pou l ale vann tou sa li genyen? _____

3. Eske jènnonm nan te dwe bay moun ki rich lajan li a? _____

4. Eske Jezi te di jènnonm rich la pou l vin swiv Li?

5. Eske jènnonm rich la te swiv Jezi? _____

6. Eske jènnonm nan te ale ak kè kontan? _____

LISTWA 18. JEZI DI DISIP LI YO DAVANS KI SA K PRAL RIVE



Matye 20:17-19

¹⁷Aprè sa, Jezi t'ap moute Jerizalèm. Antan li t'ap mache sou wout la, li pran douz disip li yo apa, li di yo: ¹⁸—Tande. Men n'ap moute Jerizalèm kote yo pral lage m, mwen menm Moun Bondye voye nan lachè a, nan men chèf prèt yo ansanm ak

dirèktè lalwa yo. Yo pral kondannnen m amò, ¹⁹y'ap lage m bay moun lòt nasyon yo. Etranje sa yo pral pase m nan rizib, yo pral bat mwen ak kout fwèt, apre sa yo pral kloure m sou yon kwa. Men, sou twa jou, m'a leve sòti vivan nan lanmò.

LANMÒ JEZI SE PAT YON AKSIDAN

Lontan avan pèp mechan yo te pran Jezi pou krisifye Li e pou touye Li sou kwa a, Jezi te di disip Li yo sa te gen pou rive. Lanmò Li sou kwa a te fè pati plan Bondye pou sove nou anba peche. Jan chapit 3, vèsè 14, 15, di nou: “—Menm jan Moyiz te leve sèpan ki te fèt an bwonz lan byen wo sou yon poto nan mitan dezè a, konsa tou yo gen pou yo leve Moun Bondye voye nan lachè a byen wo tou. Tout moun ki mete konfyans yo nan li va gen lavi ki p'ap janm fini an.” Chak moun ta dwe gen rekonesans anpil paske Jezi mouri pou nou. Sa pa gen enpòtans ki koulè po ou ni nan ki peyi ou te fèt. LI MOURI POU NOU TOUT (Gade 2 Korènt 5:15).

Mo sa yo “**tout moun**” vle di **ou menm** ou byen **tout lòt moun** ki kwè. Si OU kwè ke Jezi te mouri sou kwa a pou sove OU anba peche OU, alò OU va jwenn LAVI KI P’AP JANM FINI AN.

“Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo.”


—Jan 3:16a

LISTWA 19. YO ARETE JEZI

Matye 27:11-26

¹¹Jezi parèt devan gouvènè a. Gouvènè a kèsyonnen l, li mande li: —Ou se wa jwif yo? Jezi reponn li: —Se ou ki di li. ¹²Chèf prèt yo ak chèf fanmi yo t’ap depoze anpil plent kont Jezi. Jezi menm pat reponn anyen. ¹³Pilat di li: —Ou pa tande tout plent yo depoze sou do ou? ¹⁴Men Jezi pa ba l repons sou anyen. Sa te fè Pilat sezi anpil. ¹⁵Pou chak fèt Delivrans gouvènè a te konn lage yon prizonye. Se pèp la ki te konn chwazi kilès. ¹⁶Lè sa a, te gen yon prizonye yo te rele Jezi

Barabas. Tout moun te konnen ki moun li ye. ¹⁷Lè Pilat wè pèp la sanble deyò a, li di yo: —Kilès nou vle m lage ban nou: Jezi Barabas osinon Jezi yo rele Kris la? ¹⁸Pilat te byen konnen se jalouzi ki te fè yo mennen Jezi ba li. ¹⁹Antan Pilat te chita sou fòtèy jij li nan tribinal la, madanm li voye di li: —Nonm sa a inosan tande. Pa mele nan zafè sa a. Paske yèswe, mwen soufri anpil poutèt li nan dòmi. ²⁰Chèf prèt yo ak chèf fanmi yo pran tèt pèp la pou yo mande Pilat pou l lage Barabas ba yo,



pou l fè touye Jezi. ²¹Gouvènè a pran lapawòl, li di yo: — Kilès nan de a nou vle m lage ban nou? Yo reponn: — Barabas. ²²Pilat mande yo: — Bon. Kisa pou m fè ak Jezi yo rele Kris la? Yo tout reponn: — Kloure l sou yon kwa! ²³Pilat di yo: — Ki movezak li fè konsa? Yo rele pi fò toujou: — Kloure l sou yon kwa! ²⁴Lè Pilat wè li pat kapab fè anyen ankò, paske pèp la te

sòti pou l te fè plis dezòd toujou, li pran dlo, li lave men l devan tout foul moun yo. Li di yo: — Mwen menm, mwen pa reskonsab lanmò nonm sa a. Sa, se sou kont nou li ye. ²⁵Tout pèp la reponn: — Se pou reskonsabilite lanmò l tonbe sou nou ak sou tout pitit nou yo. ²⁶Aprè sa, Pilat lage Barabas ba yo. Li fè yo bat Jezi byen bat, li renmèt yo li pou y'al kloure l sou yon kwa.

DEVWA POU FÈ

Mete mo ki manke yo nan fraz sa yo:

1. Barabas se non yon nonm ki te yon _____.
2. Kilès moun yo te lage bay pèp la? _____.
3. Pèp la te di _____ Jezi _____.

LISTWA 20. YO TE METE YON KOUWÒN PIKAN SOU TÈT JEZI



Matye 27:27-30

²⁷Sòlda Pilat yo mennen Jezi nan kay gouvènè a. Yo sanble tout batayon sòlda yo fè wonn li. ²⁸Yo dezabiye l, yo mete yon gwo rad koulè wouj vyolèt sou li. ²⁹Yo trese yon kouwòn pikan mete nan tèt li, yo ba l yon ti bwa wozo kenbe nan men dwat li. Apre sa, yo mete ajenou devan l, yo pran pase l nan betiz. Yo di li: —Bonjou, wa jwif yo! ³⁰Yo krache sou li, yo pran wozo a, yo ba l kou nan tèt.

KI JAN YO TE TRETE JEZI?

Moun mechan yo te maltrete Jezi anpil. Nan monn sa a se pou nou espere souffri pou Jezi. Moun mechan pa renmen Bondye. Yo pa renmen Jezi e yo pa renmen moun k'ap seye fè byen. Jezi te di nou sa nan Jan chapit 15, vèsè 18 a 20: “—Si moun k'ap viv dapre prensip lemonn yo rayi nou, pa bliye yo te rayi m anvan yo te rayi nou. Si nou te moun lemonn, lemonn ta renmen nou, paske nou ta pou li. Men, mwen chwazi nou, mwen wete nou anba pouvwa lemonn. Se poutèt sa lemonn rayi nou; nou pa moun lemonn ankò. Chonje sa m te di nou: Yon domestik pa janm pi grannèg pase mèt li. Si yo pèsekite m, y'a pèsekite nou tou. Si yo fè sa m te moutre yo, y'a fè sa n'a moutre yo tou.” Jezi te genyen yon sekre ki mèveye pou li pataje ak nou nan Jan 16:33: “Mwen pale konsa pou nou kapab gen kè poze nan mwen. Nou gen pou n souffri anpil sou latè. Men, pran kouray, lemonn deja pèdi devan mwen.”

DEVWA POU FÈ

Kèsyon sa yo gen repons yo nan listwa 20. Li listwa a ankò epi reponn kèsyon yo.


1. Sòlda yo te dezabiye Jezi epi yo te mete sou li yon _____ wouj.
2. Yo te pran yon kouwòn ki te fèt avèk _____ e yo te mete l nan _____ li.
3. Yo te pase Jezi nan betiz lè yo te mete ajenou devan Li e yo te di: "Bonjou, _____ jwif yo."
4. Yo te _____ sou li, e yo te ba l kou nan tèt li avèk yon _____.

LISTWA 21. YO TOUYE JEZI

Matye 27:31-38 e 50-54

³¹Aprè yo fin pase l anba kont betiz yo, yo wete gwo rad la, yo mete rad pa l sou li ankò. Epi yo mennen l ale pou yo kloure l sou yon kwa. ³²Lè yo sòti, yo kontre yon nonm peyi Sirèn ki te rele Simon. Yo fòse mesye pote kwa Jezi a. ³³Lè yo rive kote ki rele Gòlgota a (ki vle di: Plas zo bwa tèt la), ³⁴yo bay Jezi bwè diven mele ak fyèl. Men, lè l goute l, li pat vle bwè li. ³⁵Aprè yo fin

kloure l sou kwa a, yo tire osò pou separe rad li yo. ³⁶Aprè sa, yo chita ap veye li. ³⁷Yo mete yon ti pankat anlè tèt li pou fè konnen kòz ki fè yo te kondannan l la. ³⁸Yo te kloure de ansasen sou de lòt kwa anmenmtan avè l, yonn sou bò dwat, yonn sou bò gòch. ⁵⁰Jezi bay yon gwo rèl ankò, epi li mouri. ⁵¹Menm lè a, rido ki te nan tanp lan chire an de moso, depi anwo jouk anba. Tè a tranble. Wòch yo fann.



⁵²Tonm mò yo louvri, kò anpil moun pèp Bondye a ki te mouri leve vivan ankò, yo sòti nan tonm yo. ⁵³Aprè Jezi li menm te leve sòti vivan nan lanmò, yo antre lavil Jerizalèm kote anpil

moun te wè yo. ⁵⁴Lè ofisye lame a ansanm ak gad ki t'ap veye Jezi ansanm avè l yo wè tranblemann-tè a ak tou sa ki te pase, yon sèl lapè pran yo. Yo di: — Se vre wi, nonm sa a te Pitit Bondye.

KILÈS LI TE YE?

1. Kilès yo te oblije pòte kwa Jezi a? _____
2. Kilès yo te krisifye avèk Jezi yonn sou bò dwat, yonn sou bò goch? _____
3. Lè ofisye lame a epi pèp la te wè latè a t'ap tranble, e tout lòt siy ki t'ap fèt nan moman sa a, kilès yo di Jezi te ye?

Matye 27:57-66

⁵⁷Lè solèy fin kouche, yon nonm rich, moun lavil Arimate, vin rive. Yo te rele l Jozèf. Li menm tou li te yon disip Jezi.

⁵⁸L'al jwenn Pilat, li mande l kò Jezi a. Pilat bay lòd pou yo renmèt li kò a. ⁵⁹Jozèf pran kò a, li vlope l nan yon bèl dra blan tou nèf. ⁶⁰Aprè sa, li mete kò a nan yon kavo li te fenk fè fouye nan wòch la pou tèt pa l. Aprè sa, li woule yon gwo wòch devan bouch kavo a. Epi l'al fè wout li.

⁶¹Mari, moun lavil Magdala a, ansanm ak lòt Mari a te chita la, anfas kavo a.

⁶²Nan denmen, sa vle di jou repo a menm, chèf prèt yo ansanm ak farizyen yo ale bò kote Pilat. ⁶³Yo di li: —Chèf, nou chonje lè nonm ki t'ap bay manti a te vivan, li te di apre twa jou li pral leve sòti vivan. ⁶⁴Bay lòd pou



yo veye kavo a byen veye pandan twa jou. Konsa, disip li yo p'ap kapab vin pran kò a pou yo di pèp la apre sa mesye leve sòti vivan nan lanmò. Dènye kout manti sa a ta pi rèd pase premye a. ⁶⁵Pilat di yo: —Men yon eskwad gad. Ale, veye kavo a jan nou vle a. ⁶⁶Y ale. Pou yo pi asire kavo a te byen fèmen, yo poze sele sou wòch ki te devan bouch kavo a, epi yo mete eskwad gad la veye li.

LAMOU JOZÈF TE GEN POU KRIS

Jozèf te yon nonm rich e li te vle antere Jezi nan yon tonm nèf li te genyen. Jozèf te fè tonm sa a pou li menm te ka antere. Men koulyeya li vle bay Senyè li plas sa a. Vre lamou pou Jezi pa janm egoyis. Lamou toujou renmen bay. Lamou toujou jwenn yon

fason pou l sèvi lezòt. Eske ou renmen Jezi? Eske ou jwenn yon jan pou sèvi Li? Ki sa w'ap fè pou Li?

JEZI BAY LAVI LI

Jezi, avèk pwòp volonte Li, bay lavi Li pou sove ou menm avèk mwen menm anba peche nou. Li repann san sakre Li e Li bay lavi Li pou peche nou. Ebre 9:22 di nou ke si san pa koule, nan-pwen padon pou peche yo. Jezi te devni yon sakrifis pafè, paske Li menm, Li pat janm fè peche. Jan 1:29b di nou: **“—Men ti mouton Bondye a k'ap wete peche moun sou tout latè.”** Pa gen okenn lòt moun ki te kapab mouri sou kwa a pou wete peche nou, e pa gen anyen tankou: lajan ak lò, bèf ou nenpòt lòt bèt, ni nenpòt lòt bagay vivan ki ta kapab wete peche nou. Gade 1 Pyè chapit 1, vèsè 18b ak 19: **“Nou konnen sa li te peye pou sa. Se pat avèk bagay ki ka pèdi valè yo tankou lajan ak lò. Men, se avèk gwo ofrann san Kris la ki te koule lè li te ofri tèt li tankou yon ti mouton san defo ni okenn enfimite.”**

Ki jan nou fè konnen ke se Jezi ki te vle bay lavi Li avèk bon volonte Li? Jan 10:18a di: **“Pèsonn pa ka wete lavi m, se mwen menm ki bay li paske mwen vle. Mwen gen pouvwa pou m bay li, mwen gen pouvwa pou m resevwa l ankò.”** JEZI GEN TOUT POUVWA. Gade tou nan Matye 28:18.

Lè Jezi te kanpe devan Pilat pou yo te krisifye L, Pilat te konprann li te gen pouvwa pou li te krisifye Jezi ou byen pou li te lage L. Men gade sa Jezi te reponn li nan Jan 19:11a **“—Ou pa ta gen okenn pouvwa sou mwen si se pat Bondye nan syèl la ki te ba ou li.”**

Kris te bay lavi Li pou tout ras e gen moun nan chak ras e chak nasyon ki va kwè nan Jezi e va sove. Se pou asire ou ke ou se yonn nan moun sa yo ki kwè nan Jezi! Li Revelasyon 5:9: **“Yo t’ap chante yon kantik tou nèf ki pati konsa: Wi, ou merite vre, ou kapab pran Liv la pou kase sele yo, paske yo te touye ou. Se konsa ou bay san ou pou achte yon bann moun pou Bondye, moun tout ras, tout lang, tout pèp, tout nasyon.”**

ENMI JEZI YO TE SEYE KENBE LI NAN TONM NAN

Gran prèt avèk farizyen yo ki te enmi Jezi, yo te vle asire ke tonm nan te byen fèmen pou pèsonn moun pat kapab vòlè kò Jezi. Se sa ki fè rezirèksyon Jezi pi mèveye, paske nou konnen jan yo te mete sele sou tonm nan, moun pa ta kapab vòlè kò a. Yo te menm mete gad pou siveye tonm nan. Nan Listwa 23, nou wè mirak la te rive!

MEN KI TE DEFÒME YO

“Pouki sa nou selebre kalvè?” Sete yon moun ki te mande m sa. Dapre li menm, selebre kalvè se pa bagay ki natirèl paske se yon panse ki lèd anpil. Tande sa li di m. “Pouki sa nou selebre jou Women yo te kloure Jezi sou kwa a? Nan tout kalite mò ki genyen, se mò sa a ki pi lèd. Yo mete yon kwa atè, yo mete moun nan sou li. Yo pran gwo klou, yo fè yo travèse men moun nan ak pye li pou kenbe moun nan tache sou kwa a. Lè sa a yo leve kwa a, yo plante li nan yon twou epi moun nan rete pandye sou kwa a jistan li mouri. E se sa kretyen yo ap selebre lè yo patisipe nan

lasèn. Mwen twouve sa pa natirèl, se yon bagay ki lèd, mwen pa kapab esplike sa.”

Mwen reponn li: “Zanmi mwen, ou panse sèlman sou evènman an, men ou pa panse sou ki kòz ki te fè evènman sa a rive. Ou pa gen atachman avèk nonm sa a ki te mouri a. Kite mwen rakonte ou yon bagay mwen te tande yon jou.

“Te gen yon bèl dam, sèlman men li te enfim. Pandan kèk tan ti fi li a t’ap poze tèt li kèsyon pouki sa manman li enfim nan men l. Li pat kapab gade men manman l yo, paske chak fwa li gade yo li santi kè li tounen. Yon jou li di: ‘Manman, mwen renmen figi ou, je ou, cheve ou. Yo tèlman bèl, sèlman men ou yo tèlman lèd mwen pa kapab gade yo. Pouki sa men ou tèlman defòme avèk tout mak sa yo?’ Manman li reponn li: ‘Pitit mwen, m’ap rakonte ou sa ki te pase men mwen yo. Mwen te toujou panse mwen p’ap janm rakonte ou sa, men li ta pi bon pou ou konnen. Sa gen dizan koulyeya ou te yon ti bebe e mwen te renmen ou anpil, sepandan mwen pat renmen ou pi plis pase jan mwen renmen ou koulyeya. Ou te gen twa mwa sèlman. Sete yon jou maten, mwen te okipe anpil. Mwen te fin ba ou manje e m mete ou nan bèso ou pou ou sa fè yon ti dòmi. Mwen t’ale nan kwizin nan, men zorèy mwen t’ap koute si ou p’ap kriye ou byen si ou p’ap bat kò ou. Mwen te fè yon ti reta nan kwizin nan.’

“Yon sèl kou, mwen tande yon rèl. Mwen gade deyò e mwen wè se vwazinaj yo k’ap kouri vini lakay nou e ki t’ap rele anmwen! dife! Mwen kouri sòti nan kwizin nan, mwen pase nan salamanje a lè mwen gade, mwen wè pòt chanm kote ou t’ap dòmi a plen dife. Vwazinaj yo kouri pou pote sekou. Tèt mwen pran vire, bouch mwen vin sèk, mwen pat konn sa pou m fè. Te gen yon gwo sèviyèt tou pre a. Mwen pran l, mwen kouvri tèt mwen ak zepol mwen, mwen kouri antre nan chanm ou an, mwen pran ou,

mete ou sou lestomak mwen avèk tout kòt kabann ou e mwen kouri sòti. Tèt mwen, figi m, ak zepòl mwen pat gen anyen, sèlman men mwen yo, ak ponyèt mwen te boule jistan vyann nan te detache ak zo yo. Se listwa men mwen, pitit mwen, e se poutèt sa yo lèd konsa.'

"Koulyeja, sa ou panse de ti fi sa a? Sete yon ti moun ki te tou natirèl. Li pate gen anyen ki pat natirèl nan li. Li kenbe men manman li yo, li karese yo avèk dwet li, li bo yo avèk bouch li, li gade manman li nan fas, e li di: 'O mamnan! Mwen renmen bèl figi ou, bèl je ou, kou ou avèk cheve ou, men sa mwen pi renmen se men cheri ou yo.' Se sa ki fè nou kapab panse sou lanmò Jezi e menm sou lanmò Li sou kalvè, paske sete POU NOU."

SA NOU DWE BONDYE?

1. Nou dwe konfese peche nou a Kris, pou nou sa jwenn pardon (1 Jan 1:9).
2. Nou dwe mete konfyans nou nan Jezikri pou nou ka delivre (Travay 16:31).
3. Nou dwe renmen Bondye ak tout kè nou, tout nanm nou, tout lide nou (Matye 22:37).
4. Nou dwe kanpe pou Kris, pitit Bondye a, devan lezòm (Matye 10:32).
5. Nou dwe viv yon jan pou fè Bondye plezi (1 Tesalonisyen 4:1).

LISTWA 23. JEZI LEVE PAMI MÒ YO



Matye 28:1-10

¹Lè jou repo a te fin pase, di-manch maten byen bonè, Mari, moun lavil Magdala a, ak lòt Mari a te al vizite kavo a. ²Yo rete konsa, epi tè a pran tranble byen fò. Yon zanj Bondye desann sòti nan syèl la, li vini, li woule wòch la sou kote lèfini li chita sou li. ³Li te klere tankou yon zèklè, rad li te blan kou lanèj. ⁴Gad yo te sitèlman pè, yo pran

tranble, yo tonbe atè tankou moun ki mouri. ⁵Men, zanj lan pran pale, li di fanm yo: —Nou menm, nou pa bezwen pè. Mwen konnen se Jezi n'ap chache, nonm yo te kloure sou kwa a. ⁶Enben, li pa isit la. Li leve vivan jan l te di a. Vini wè kote l te kouche a. ⁷Aprè sa, prese al di disip li yo li leve sòti vivan nan lanmò. Li gentan pran devan yo ale nan peyi Galile. Se la y'a wè li. Se sa m te gen pou m di nou. ⁸Fanm yo kouri kite kavo a. Yo te pè, men anmenmtan tou yo te kontan. Yo t'ap kouri pote nou-vèl la bay disip yo. ⁹Yo rete konsa, yo wè Jezi parèt devan yo, li di yo: —Bonjou, medam. Yo pwoche bò kote l, yo kenbe pye l, yo adore li. ¹⁰Jezi di yo: —Nou pa bezwen pè. Ale di frè m yo pou y'al nan Galile. Se la y'a wè mwen.

DEVWA POU FÈ

Aprè ou fin li Listwa 23, mete mo ki manke nan fraz sa yo.

1. Yon zanj Bondye desann sòti nan syèl la e li woule _____. Rad li te blan kou _____.

2. Gad yo te si tèlman pè, yo te pran tranble, yo te tonbe atè tankou moun ki _____.

KRIS POTE LAVIKTWA sou lanmò a, sou lanfè a e sou tonm nan pou nou kapab viv ankò. Li di nan Jan 14:19b: “—**Paske m’ap viv, nou menm tou n’ap viv.**” E nan Jan 11:25, 26, Li di: “—**Se mwen menm ki leve moun mouri yo, se mwen menm ki bay lavi. Moun ki mete konfyans yo nan mwen, yo gen pou yo viv menm si yo rive mouri. Moun k’ap viv, epi ki mete konfyans yo nan mwen, yo p’ap janm mouri. Eske ou kwè sa?**”

LISTWA 24. DÈNYE PAWÒL JEZI YO

Matye 28:16-20

¹⁶Onz disip yo ale sou ti mòn nan peyi Galile a, kote Jezi te di yo ale a. ¹⁷Lè yo wè l, yo adore li. Men, te gen nan yo ki pat fin kwè nèt. ¹⁸Jezi pwoche bò kote yo, li di yo konsa: —Mwen resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a. ¹⁹Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. ²⁰Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba.



Lè nou gen yon bon zanmi k’ap mouri, nou anvi koute dènye pawòl li, dènye dezi li. Nou kenbe dènye pawòl li yo nan tèt nou e nou konnen ke dènye pawòl yon moun di avan li kite nou gen

anpil enpòtans. Dènye mo Jezi te di avan li kite nou pou L tounen nan syèl la se: **“Ale toupatou sou latè, anonse Bòn Nouvèl la bay tout moun”** (Mak 16:15).

Eske ou fè tou sa ou kapab pou egzekite dènye pawòl Jezi yo?

POUKISA NOU DWE PALE LEZÒT YO?

Travay 4:12 di: **“Se li menm sèl ki ka bay delivrans paske Bondye pa bay non okenn lòt moun sou latè ki kapab delivre nou.”** Sa moutre ke se Jezi menm ki sèl esperans yon moun ki vle gen lavi ki p’ap janm fini a.

Jan 14:6 di: **“Jezi reponn li: —Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pèsoun pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen.”** Ankò nou wè ke Jezi se sèl chemen ki mennen moun jwenn Papa a!

KI SA KI POU FÈ OU KONNEN OU SE YON VRE DISIP JEZI?

Jezi di: **“Si nou renmen m, se pou n obeyi kòmandman m yo”** (Jan 14:15). Nou jwenn premye e pi gran kòmandman an nan Matye 22:37. Li moutre devwa nou anvè Bondye. Men li: **“Se pou ou renmen Mèt la, Bondye ou, ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout lide ou.”** Dezyèm kòmandman ki pi gran an moutre nou devwa nou anvè pwochen nou. Nou jwenn li nan Matye 22:39b: **“Se pou ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen pwòp tèt pa ou.”** De (2) kòmandman sa yo, se yo ki fondasyon tou sa ki nan lalwa ak pwofèt yo (wè Matye 22:40).

LISTWA 25. JEZI AP TOUNEN ANKÒ



SIY KI POU FÈ NOU KONNEN L'AP TOUNEN

Li Matye chapit 24 pou ou kapab wè klè siy ki va fè nou konnen Kris prèt pou tounen. Men kèk nan yo:

1. Anpil fo Kris va leve e y'a di se yo ki Kris. Nou pa gen pou n ale dèyè yo (vèsè 5, 23, 24, 25).
2. Va gen lagè avèk bri lagè. Yon pèp va leve gouden ak yon lòt, yon peyi va atake yon lòt (vèsè 7).
3. Va gen grangou, la pès, tranblemanntè anpil kote. Sa va tankou tranche anvan akouchman (vèsè 7, 8).

4. Kreyen yo va toumante, yo va touye yo, moun tout nasyon va rayi yo akòz non Kris ke yo pote ya (vèsè 9). Kris te vini sou latè a pou Li te soufri pou nou kapab genyen lavi ki p'ap janm fini a e koulyeja nou pral gen yon chans pou nou moutre si nou renmen Jezi tout bon, pou nou soufri pou non Li.

5. Sèlman gen anpil kreyen ki va sikonbe e yo p'ap vle sèvi Jezi ankò. Yonn pral pale sou lòt, yonn pral denonse lòt, yonn pral rayi lòt (vèsè 10).

6. Anpil fo pwofèt va leve e yo va twonpe anpil moun. Yo va gen pouvwa pou yo fè anpil mirak, y'a menm seye twonpe ata moun Bondye chwazi yo (vèsè 11 e 24).

7. Va gen anpil manje, bwè, maryaj, fyansay menm jan lè Noe t'ap viv sou latè a (vèsè 37-39).

8. Apre anpil tribilasyon e anpil aflikasyon, solèy la va vin nwa, lalin lan p'ap bay limyè ankò, zetwal yo va sòti tonbe nan syèl la. Pouvwa yo ki nan syèl la va pran tranble (vèsè 29).

KI JAN L'AP VINI?

1. L'ap vini yon sèl kou. Matye 24:27 di: **“Menm jan zèklè a fè yan, li klere tout syèl la depi bò solèy leve jouk bò solèy kouche, se konsa Moun Bondye voye nan lachè a gen pou l vini.”**

2. L'ap vini anwo nyaj yo nan syèl la avèk gran pouvwa e gran glwa. Matye 24:30 pale nou sou sa.

3. **“... Tout moun pral wè l ...”** (Revelasyon 1:7).

4. **“Senyè a menm va desann sot nan syèl la. Moun ki te**


mete konfyans yo nan Kris la lè yo te mouri, se yo ki va leve sòti vivan an premye. Apre sa, nou menm ki va vivan toujou lè sa a, y'ap vin pran nou, nou menm ansanm ak moun ki sòti vivan nan lanmò yo, y'ap mete nou sou nyaj yo pou n'al kontre Senyè a anwo a. Konsa, nou tout n'ap toujou ansanm ak Senyè a. Se pou nou yonn ankouraje lòt ak pawòl sa yo” (1 Tesalonisyen 4:16b-18).

5. “Jezi sa a ki fenk sot nan mitan nou an pou moute nan syèl la, li gen pou l tounen menm jan nou wè l moute nan syèl la” (Travay 1:11b).

KI JAN POU NOU PREPARE TANN JEZI?

“Men si n'ap viv nan limyè menm jan li menm Bondye li nan limyè, lè sa a se tout bon n'ap viv ansanm yonn ak lòt. Jezi, Pitit Bondye a, va netwaye nou ak san li anba tout peche nou yo (1 Jan 1:7).”

ESKE OU VLE ALE NAN SYÈL LA?
Kolore timoun sa a ki sou bon wout la.



Sòm 86:5 — “Senyè, ala bon ou bon! Ou padonnen peche nou yo. Ou p’ap janm sispann renmen moun k’ap rele non ou.”

Jan 14:6 — Jezi reponn li (Toma): “Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pèsonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen.”

**KI JAN POU NOU FÈ ALE LA?
PREMYE PA — SE POU TRIS AKÒZ
TOUT PECHE OU**

Te gen yon ti fi ki te di konsa: “Lè nou tris pou peche nou, sa vle di nou tèlman regrèt nou te fè yo, nou abandonnen yo.”



Satan amplwaye movèz abitud pou mare moun nan peche.

Li enchennen nou tèlman, nou pa kapab lage tèt pa nou.

Vini pote chenn nan bay Jezi. Li ka lage ou pou ou sa vin lib.

DEZYÈM PA — REPANTI, KONFESE PECHE OU BAY BONDYE

“Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l’ap fè sa k gen pou fèt la: l’a padonnen tout peche nou yo, l’a netwaye nou anba tou sa ki mal.” —1 Jan 1:9

REPANTANS

Vire do bay tout vye peche nou te konn fè yo. Chanje kè nou, chanje lide nou. Poukisa atò, nou menm moun pèp Izrayèl yo, pou n’ap chache lanmò konsa?

—Ezekyèl 18:31

Li t’ap di: Tounen vin jwenn Bondye. Paske, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a nan men l.

—Matye 3:2

Chanje lavi nou, tounen vin jwenn Bondye pou l ka efase peche nou yo. Lè sa a, Bondye va fè nou jwenn yon rafrech pou nanm nou.

—Travay 3:19, 20a

Paske, lè yon moun sipòte lapenn li jan Bondye vle l la, se chanje kè li pou l ka rive sove. Pa gen anyen la a pou n regrèt. Men,

lapenn nou sipòte jan tout moun fè l la, se touye l’ap touye nou.

—2 Korènt 7:10

Mwen di nou: Non. Men, si nou menm nou pa tounen vin jwenn Bondye, nou tout n’ap peri menm jan an tou.

—Lik 13:3

Konsa tou, m’ap di nou, va gen plis kontantman nan syèl la pou yon sèl moun ki t’ap fè sa ki mal epi ki tounen vin jwenn Bondye, pase pou katrevindisnèf moun k’ap mache dwat, ki pa bezwen tounen vin jwenn Bondye.

—Lik 15:7

Bondye fèmen je l sou tout tan sa yo moun pase nan linyorans. Kounyeya li rele yo tout, kote yo ye, pou yo tounen vin jwenn li.

—Travay 17:30

PADON POU PECHE YO

Si nou padonnen moun lè yo fè nou mal, Papa nou ki nan syèl la va padonnen nou tou.

—Matye 6:14

Se pou mechan yo kite move chemen y’ap swiv la, se pou malveyan yo wetè move lide k’ap travay nan tèt yo. Se pou yo tounen vin jwenn Senyè a ki va gen pitye pou yo. Se pou yo tounen vin jwenn Bondye nou an, paske l’ap padonnen tou sa yo fè.

—Ezayi 55:7


Bondye fè l moute chita sou bò dwat li, li mete l Chèf sou nou, li fè l delivre nou.

—Travay 5:31

Koute. Men mwen kanpe la devan pòt la, m’ap frape. Si yon moun tande vwa m, si l louvri pòt la ban mwen, m’a antre lakay li, m’a manje ansanm avè l, l’a manje ansanm avèk mwen.

—Revelasyon 3:20

Pase kreyon ou, ou byen plim ou sou ti pwent sa yo, e ou va wè kilès ki kapab kase chenn peche.



TWAZYÈM PA — KWÈ NAN LI E AKSEPTE LI NAN KÈ OU E NAN LAVI OU

Ouvri pòt kè ou e kite Jezi antre nan kè ou kounyeya.

Revelasyon 3:20 — **“Men mwen kanpe la devan pòt la, m’ap frape. Si yon moun tande vwa m, si l louvri pòt la ban mwen, m’a antre lakay li, m’a manje ansanm avè l, l’a manje ansanm avèk mwen.”**

Nou va gen asirans ke se pou Li nou ye, lè nou vrèman repanti e kwè nan Li.

Womèn 8:16 — **“Lespri Bondye a bay lespri pa nou an lasirans se pitit Bondye nou ye.”**

ESKE OU DEJA kwè nan Senyè Jezi kòm Sovè ou?

OBEYI PAWÒL BONDYE A

1. **Apri** nou fin repanti pou peche nou,
epi
2. **Apri** nou fin kwè nan Senyè Jezi kòm **Sovè** nou,
3. **Alò** — **nou dwe obeyi Pawòl Bondye a.**

Nou dwe kontinye mache nan limyè a e kontinye swiv Jezi chak jou nan lavi nou. Li 1 Jan chapit 1, vèsè 7.

KATRIYÈM PA — KONTINYE VIV POU KRIS CHAK JOU

Jan 8:31b, 32 di: “— Si nou kenbe pawòl mwen yo nan kè nou, nou se disip mwen vre. N’a konnen verite a, lè sa a verite a va ban nou libète nou.”

LAPRIYÈ BONDYE CHAK JOU — SA VA FÈ OU FÒ

DEVWA POU FÈ

Mete koulè sou men sa yo k’ap la priè pou montre nou sa nou dwe fè pou nou vin fò pou Bondye.

**DI JEZI TOUT BAGAY —
LI VA TANDE PRIYÈ OU**




LI PAWÒL BONDYE A CHAK JOU

Sere pawòl Li nan kè ou. Kenbe nan tèt ou mezi vèsè ou kapab.

ESKE OU TE PRAN JEZI POU SOVÈ OU?

Si ou te fè sa, ekri non ou sou lin ki andedan kè sa a.



RAKONTE LÒT MOUN SA JEZI FÈ POU OU.

NOU DWE TEMWAYE POU KRIS

Moun ki va kanpe pou mwen devan lèzòm, mwen menm tou, m'a kanpe pou li devan Papa m ki nan syèl la. Men tou, moun ki va kanpe devan lèzòm pou di li pa konnen m, mwen menm tou, m'a kanpe devan Papa m ki nan syèl la, m'a di mwen pa konnen l. —Matye 10:32, 33

Si yon moun wont di se moun mwen li ye, si li wont pale pawòl mwen, enben, mwen menm tou, Moun Bondye voye nan lachè a, lè m'a tounen nan tout pouvwa m ak tout bèl pouvwa Papa m, nan mitan lame zanj li yo, m'a wont pran li pou moun pa m tou. —Lik 9:26

Si nou kenbe l fèm nan soufrans nou, n'a gouvènen ansanm avè l tou. Si nou lage

l, l'a lage nou tou.

—2 Timote 2:12

Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Senyè a, si ou kwè tout bon nan kè ou Bondye te fè l leve sòti vivan pami mò yo, w'a sove. Paske, lè yon moun gen konfyans tout bon nan kè l, se lè sa a Bondye fè l gras. Lè yon moun deklare ak bouch li devan tout moun li gen konfyans nan Bondye, se lè sa a Bondye delivre li.

—Womèn 10:9, 10

Moun ki voye Pitit la jete, li voye Papa a jete tou. Moun ki rekonèt Pitit la, li rekonèt Papa a tou. —1 Jan 2:23

Tout moun va rekonèt Jezikri se Senyè a. Sa va sèvi yon lwanj pou Bondye Papa a. —Filipyen 2:11

Repons pou kèsyon yo

Repons pou kèsyon yo, ou va jwenn yo anba. Donk ou dwe cheke travay ou e konnen repons ki bon yo. Apre ou fini tout kèsyon yo, gade nan paj sa a. Si ou te manke 3 repons ou byen mwens ke 3, ou te fè yon bon travay.

Paj 1, 2

- | | |
|----------------|--------------------|
| A. 1. Mari | 4. Emannwèl |
| 2. Sentespri a | 5. Bondye avèk nou |
| 3. Zanj | |

Paj 5

- | | | |
|----------|--------|-------|
| A. 1. Wi | 4. Non | 7. Wi |
| 2. Wi | 5. Wi | |
| 3. Non | 6. Wi | |

B. Mete mo ki manke nan fraz ki nan ti listwa sa a. "Yo antre nan kay la, yo wè ti pitit la ansanm ak **Mari**, manman li. Yo mete ajenou devan l, yo adore **Li**. Apre sa, yo louvri sak yo, yo ba li anpil **kado**: te gen **lò**, lansan, ak **lami**."

Paj 8

- | | |
|--------------|----------|
| A. 1. Bondye | 3. pijon |
| 2. Jezi | 4. Pitit |

Paj 10

- | | |
|--------------|--------------|
| A. 1. karant | 4. tanp |
| 2. Satan | 5. Satan |
| 3. pen | (ou li menm) |

Paj 13

- | | |
|-------------|--------|
| A. 1. Andre | 3. Jan |
| 2. privye | |

Paj 16

A. Papa nou ki nan **syèl** la. Nou mande pou yo toujou respekte non ou. Vin tabli gouvènman ou, pou yo fè volonte ou sou **latè a**, tankou yo fè l nan **syèl la**. **Manje** nou bezwen an, ban nou l jodi a. Padonnen tou sa nou fè ki mal, menm jan nou padonnen **moun ki fè nou mal**. Pa kite nou nan pozisyon pou n tonbe nan tantasyon, men, delivre nou anba **Satan**. [Paske, se pou ou tout otorite, tout **pouvwa** ak tout **lwanj**, depi tout tan ak pou tout tan. Amèn]

Paj 21

- | | |
|--------------|--------|
| A. 1. lespri | 2. fou |
|--------------|--------|

Paj 27, 28

- | |
|--------------------------|
| A. 1. zwazo |
| 2. tè, boule, cheche |
| 3. ti plant yo, |
| 4. grenn |
| B. 1. pawòl, konprann |
| 2. pawòl, tonbe |
| 3. lavi, grenn la, anyen |
| 4. Grenn, (ou) fwi |

Paj 37, 38

- | | | |
|-------------------------------------|--------|--------|
| A. 1. Piga ou touye moun. | | |
| 2. Piga ou fè adiltè. | | |
| 3. Piga ou vòlò. | | |
| 4. Piga ou bay manti. | | |
| 5. Respekte papa ak manman ou. | | |
| 6. Se pou ou renmen frè parèy ou... | | |
| B. 1. Wi | 3. Non | 5. Non |
| 2. Wi | 4. Wi | 6. Non |

Paj 41

- | |
|------------------------|
| A. 1. prizonye |
| 2. Barabas |
| 3. kloure, sou yon kwa |

Paj 43

- | |
|---------------------|
| A. 1. gwo rad koulè |
| 2. pikan, tèt |
| 3. Wa |
| 4. krache, wozo |

Paj 44

- | |
|-------------------------------|
| A. 1. Simon (moun peyi Sirèn) |
| 2. ansasen yo |
| 3. Pitit Bondye a |

Paj 50, 51

- | |
|----------------------|
| A. 1. wòch la, lanèj |
| 2. mouri |

DEVWA POU FÈ

Nan kèsyon sa yo, mete “**WI**” tout kote ou santi tout bon nan kè ou ou kapab reponn “**WI**”.

_____ 1. Pandan ou t’ap li ti liv “LAJWA” sa a eske ou te santi Bondye t’ap pale nan kè ou?

_____ 2. Eske ou pa ta vle vin jwenn Jezi e genyen **LA VI ETÈNEL**?

_____ 3. Eske vrèman ou te regrèt tout peche ou, tout bagay mal ou te fè? Eske ou genyen yon vrè dezi pou kite peche yo e pou pa fè yo ankò?

_____ 4. Eske ou te priye Jezi epi di li ki jan ou regrèt?

_____ 5. Eske ou te priye Jezi jistan ou santi lapè Li antre nan kè ou e ou konnen Li tande priyè ou epi ke Li padonnen peche ou? Sonje Li te pwomèt si nou konfese peche nou, L’ap fè sa k gen pou fèt la, L’a padonnen tout peche nou yo. (Li I Jan 1:9.)

_____ 6. Eske ou kwè kounyeya nan Jezi kòm Sovè pa ou menm?

_____ 7. Avèk konkou Bondye, eske ou vle swiv Li, lapriyè Li toulejou pou Li ede ou viv yon lavi ki va fè Li plezi?

_____ 8. Eske ou vle fè tou sa ou kapab pou ede lezòt yo jwenn Jezi kòm Sovè yo tou?

_____ 9. Eske ou konnen moun ki ta vle gen ti liv sa a tou? Nou rele ti liv sa “LAJWA”.

CHEMEN BONDYE A POU SALI A

Mwen bezwen you Sovè.

Tout moun fè peche. Yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a. —Women 3:23

Kris te mouri pou mwen.

Paske, Kris la menm mouri yon sèl fwa pou peche nou yo, li p'ap janm mouri ankò. Li menm ki t'ap mache dwat devan Bondye. —1 Pyè 3:18a

*Mwen bezwen repanti akòz
peche m yo.*

Moun k'ap kache peche p'ap janm wè zafè yo mache. Men, Bondye va gen pitye pou moun ki rekonèt peche yo, pou moun ki chanje lavi yo. —Pwovèb 28:13

Mwen dwe resevwa Jezi pà lafwa.

Men, sa ki te resevwa l yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye. —Jan 1:12

Mwen kapab asire mwen sove.

Moun ki gen Pitit la, yo gen lavi sa a tou. —1 Jan 5:12a

Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Yon moun ki koute pawòl mwen, ki mete konfyans nan moun ki voye m lan, l'ap gen lavi ki p'ap janm fini an. Yo p'ap kondannen li. Li deja sòti nan lanmò, li antre nan lavi. —Jan 5:24

JEZI AP TOUNEN ANKÒ



SE POU NOU PARE

Matye 24:44 — “Se pou sa tou, nou menm se pou nou toujou pare, paske Moun Bondye voye nan lachè a ap vini lè nou pa ta kwè.”



LI PA FET POU VANN.

Read booklets online or by App
www.wmp-readonline.org